СЕРИЯ 2:7

# ТОРТИНШИ КУРС



***«Онда тамыр жайып ҳәм тикленип, өзлериңиз үйренгендей, исенимде беккемленип барыңлар ҳәм Қудайға сансыз шүкирлик билдириңлер»***
***Колос. 2:7***

Жәмәәттиң қатардағы ағзаларына арналған оқыў бағдарламасы

## 2:7 СЕРИЯ 4-КУРС

# Мазмуны


МАҒЛЫЎМАТТЫ ҮЙРЕНИЎ КҮНДЕЛИГИ ----------------

**1-САБАҚ**
Үшинши курс мақсетлериниң үлгиси
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, биринши ҳәпте
Бул курстағы Мухаддес жазыўды ядлаўдағы тематикалық дүзилис
Мухаддес Жазыўда ядлаған аятларды қайталаў усылы
Бизлердиң тийкарымыздың өзгериўи

**2-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, екинши ҳәпте
Жетекши ушын жоба: «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша сораўлар

**3-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, үшинши ҳәпте
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўда өзин-өзи тексериў
Жетекши ушын жоба: «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша сораўлар (даўамы)

**4-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, төртинши ҳәпте
Жетекши ушын жоба: «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша сораўлар

**5-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, бесинши ҳәпте
Жетекши ушын жоба: «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша сораўлар (даўамы)

**6-САБАҚ**
Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, алтыншы ҳәпте
Хош Хабардың тийкарлары
Хош Хабар ҳаққында айтып бериўдиң тийкарлары
Жетекши ушын жоба: «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша сораўлар

## 7-САБАҚ

Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, жетинши ҳәпте
Жетекши ушын жоба: «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша сораўлар (даўамы)

## 8-САБАҚ

Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, сегизинши ҳәпте
Аятлардың силтемеси ҳәм темасы бойынша өзин-өзи тексериў
Жетекши ушын жоба: «Ҳадал жасаў» темасы бойынша сораўлар

## 9-САБАҚ

Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, тоғызыншы ҳәпте
Аятлардың силтемеси ҳәм темасы бойынша өзин-өзи тексериў
Өмирде Мухаддес Китапты қолланыў бойынша бес этаплы жоба дүзиў
Бес этаплы жобаның үлгиси
Жетекши ушын жоба: «Ҳадал жасаў» темасы бойынша сораўлар (даўамы)

## 10-САБАҚ

Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, он118 ыншы ҳәпте
Аятлардың силтемеси ҳәм темасы бойынша қайта тексериўжумысы
Бес этаплы жобаны дүзиў бойынша шынығыў
Жетекши ушын жоба: «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы
бойынша сораўлар

## 11-САБАҚ

Жетекши ушын жоба: «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы
бойынша сораўлар (даўамы)

## 12-САБАҚ

«МАСИХЫЙДЫҢ ТИЙКАРЫ», оқыўшылық этапы, 4 китап
Шақырық жемис алып келеди
Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети
Өмирдиң тазалығы
Ҳадал жасаў
Сынақ ўақтындағы масихый

**Оннан кейин бар болғаны**

Мухаддес Китапты оқығанда жазылатуғын күнделик
Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги
Дуўа еткенге жуўапларды жазатуғын бетлер

## Материалларды үйрениў күнделиги

Топар ағзаларынан мағлыўматты үйрениўде сиз қалай орынлап атығаныңызды ҳәм ҳәр бөлимди тексергенге күнин ҳәм қолын қойыўын сораң.

| Мухаддес Китапты ядта сақлаў | қолы | күн |
|---|---|---|
| «Қудайға исениң» В-1-12 сериясындағы ядлаў ушын аятлар | | |
| «Қудайдың Руўҳы» Коринф 1-х 3:16 | | |
| «Қудайдың Руўҳы» Коринф 1-х 2:12 | | |
| «Қудайдың күши» Ишая 41:10 | | |
| «Қудайдың күши» Филип 4:13 | | |
| «Қудайдың садықлығы» Еремияның жасы 3:22-23 | | |
| «Қудайдың садықлығы» Санлар 29:13 | | |
| «Қудайдың Руўҳы» Коринф 1-х 3:16 | | |
| «Қудайдың тынышлығы» Петрдиң 1-х 5:7 | | |
| «Қудайдың жәрдеми» Рим 8:32 | | |
| «Қудайдың жәрдеми» Филип 4:19 | | |
| «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» Еврей 2:18 | | |
| «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» Забур 118:9-11 | | |
| «Қудайдың исениң» темасындағы ҳәмме аятларды цитаталап келтириў, В 1-12 | | |
| «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» темасындағы аятларды, Б 1-12 ни 14 күн аралығында қайталаң (3-курс) | | |
| «Жаңа өмирде жасаң» аятларды, А 1-12 ни 14 күн аралығында қайталаң (2 курс) | | |
| Аятлардың силтемеси ҳәм темасын ядта сақлаўды тексериў табыслы өтти | | |
| 22-беттеги өзин-өзи тексериўди тамамладым | | |

## ҚУДАЙ МЕНЕН ЖАЛҒЫЗ ҚАЛЫЎ ЎАҚТЫ

| | | |
|---|---|---|
| 14 күн аралығында Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти толтырыў | | |

## ГУЎАЛЫҚ

| | | |
|---|---|---|
| Исенбеўшилерге гуўалық еттим ямаса көпир сүўретлемесин көрсеттим ҳәм нәтийжеси ҳаққында топарға айтып бердим | | |

## МУХАДДЕС КИТАПТЫ ҮЙРЕНИЎ БОЙЫНША ҚОЛЛАНБА: «МАСИХЫЙДЫҢ ТИЙКАРЫ»

(«Оқыўшылықтың этапы» 4-куры)

| | | |
|---|---|---|
| 1-бап-Шақырық жемис алып келеди | | |
| 2-бап-Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети | | |
| 3-бап-Өмирдиң пәклиги | | |
| 4-бап-Ҳадал жасаў | | |
| 5-бап-Сынақ ўақтындағы масихый | | |
| | | |

## ҲӘР ТҮРЛИ

| | | |
|---|---|---|
| Өмирде Мухаддес Китапты қолланыў бойынша бес этаплық жоба дүзиў | | |
| Күндизги дуўа етиўди өткериў | | |
| Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги | | |
| Хош Хабар бойынша жазыўлар | | |

## ТОПАР ЖЕТЕКШИСИНИҢ ТЕКСЕРИЎИ

| | | |
|---|---|---|
| Төртинши курсты табыслы тамамлаў | | |

# 1-Сабақ

## БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. «Үшинши курс мақсетлериниң үлгиси» бөлимин қарап шығың (усы беттиң төменинде).
2. Материалларды үйрениў күнделигине қарап 4-курс пенен танысып шығың.
3. «Мухаддес Жазыўда ядланған аятларды қалай қайталаў керек» бөлимин талқылаң (8-бет).
4. «Масихыйдың тийкарлары» бөлимин қарап шығың, оқыўшылық этапы, 4-китап (55 бет). Сиз Мухаддес Китапты үйрениў бойынша бул материаллардан пүткил курс аралығында пайдаланамыз. Кирис сөзин даўыслап оқың (55-б).
5. «Бизлердиң тийкарымыздың өзгериўи» бөлимин талқылаң ҳәм қайта ислең (9-бет).
6. 2-сабаққа тапсырманы оқың (11 бет).
7. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Үшинши курс мақсетлериниң үлгиси***

Үшинши курстың мақсети:

1. Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын жемисли ҳәм өз ўақтында өткериўди даўам етиў...
   а) дуўа етип ҳәм Мухаддес Китап дыққат пенен оқыў,
   б) Избе-из 14 күн аралығында Қудай менен жалғыз қалғанда пайда болған пикирлерди күнделикке жазып.
2. «Масих пенен бирге баслаў» темасы бойынша Мухаддес Жазыўда 5 аят ҳәм «Жаңа өмир менен жасаң» темасындағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиниң биринши 12 аятын (А-серия) ядта сақлаў.
3. «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» темасы бойынша Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиниң кейинги 12 аятын (Б-серия) ядта сақлаў.
4. «Масих пенен жүриў» темасын талқылаў ҳәм қайта ислеў, оқыўшылық этапы, 3-китап. Талқылаў Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда өткериледи (Курс даўамында ҳәр бир қатнасыўшыға Мухаддес Китап бойынша сабақ алып барыўға бир мәрте болса да ҳәрекет етип көриў керек болады).
5. Мухаддес Жазыў үстинде ойланыўда алты усылды пайдаланыў.
6. Жазыўымыздан пайдаланбай 4 минутта гуўалығыңыз бенен бөлисиң.
7. Топардағы достыңызға көпир сүўретлемесин табыслы түсиндириў ҳәм көрсетиў.

8. Жетискенликлерди ислеп шығарыўдың тийкарғы принциплерин үйрениў ҳәм оларды орынлаў, алған билимлериңизди тәжирийбеде қалай қолланатуғынымызды түсиниў.

### *Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, биринши ҳәпте*

*Сиз әлле-қашан көбисине еристиңиз.*

Ҳәзирги ўақытта сиз 2 ҳәм 3 курсқа тийкарланып өткен Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиниң биринши еки бөлимин үйрениўди жуўмақладыңыз (А ҳәм Б сериялары). Тазасында, төртинши курста сиз кейинги бөлимде (В серия) ядлайсыз, соның менен бирге әлле-қашан ядлаған аятларды қалай қайталаў кереклигин билесиз. ҳәр ҳәптеде үйренген аятларға ескертиўлерди оқың ҳәм «ҳәптелик жоба» бөлиминде берилген көрсетпелерди орынлаң. Соның менен бирге 2 ҳәм 3 курста үйренген Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсияттағын ядына түсириў пайдалы.

### *Бул курстағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилиси*

Сиз алдыңғы еки курста Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 24 аятты ядладыңыз. Булар А сериясындағы - «Жаңа өмир менен жасаң» ҳәм Б сериясындағы - «Масих ҳаққында Хош Хабар айтың» аятлары. Алдында сизди В сериясы - «Қудайға исениң», Г сериясы - «Масихқа ериң» ҳәм Д сериясы - «Масихқа уқсаң» күтип тур. 4-курста сизге кейинги 12 аятты ядлаўға туўра келеди:

| | | |
|---|---|---|
| Қудайдың Руўҳы | Коринф 1-х 3:16 | Коринф 1-х 2:12 |
| Қудайдың күши | Ишая 41:10 | Филип 4:13 |
| Қудайдың садықлығы | Еремияның жасы 3:22-23 | Санлар 23:19 |
| Қудайдың тынышлығы | Ишая 26:3 | Петрдиң 1-х 5:7 |
| Қудайдың жәрдеми | Рим 8:32 | Филип 4:19 |
| Сынақта Қудайдың жәрдеми | Еврей 2:18 | Забур 118:9-11 |

### *Мухаддес Жазыўда аятларды қалай қайталаў керек*

Бул сабақтан баслап аятларды қайталаў бираз басқаша болып өтеди. Сиз әлле-қашан көп аятларды билесиз ҳәм соның ушын мақсетке муўапық сиз тек өзиңиз бенен гей бир аятларды бир бөлек сақлап қойыўыңызға болады.

Кейинги үлги менен ислең:

1. Қалташадан А сериясындағы аятларды (соның менен бирге «Масих пенен бирге баслаў» темасы бойынша биринши бес аятты) алың ҳәм карточкаларды аятлар ушын қутының алдыңғы бөлегине жайғастырың.

2. Б сериясындағы ҳәмме аятларды ҳәм сизиң атыңыз бар карточканы қалташаға салың. Ядта сақлағаныңызға қарай В сериясындағы аятларды сол жерге қосың, ал қалғанларын қутының артқы бөлегинде сақлаң.
3. В сериясындағы биринши еки аятты пакеттиң ашық жерине салың. Бул аятларды сизге ендиги ҳәптениң аралығында ядлаўға ҳәм ендиги сабақларда қайталаўға туўра келеди.
4. Бүгинги сабақтан кейинги жақын еки күн аралығында Коринф 1-х 3:16, ал кейинги еки күнде Коринф 1-х 2:12 ни ядлап алың.

Кейинги үш күн аралығында «Қудайдың Руўҳы» темасы менен бириккен еки аятты көп мәрте қайталаў керек.

1-3 курсларда ядланған Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў тийкарларын пайдаланыў жүдә әҳмийетли ҳәм ҳәр бир сабақтың мәсләҳәтине дыққат пенен қараң.

Сиз әлле-қашан Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўда узаққа илгерилеўиңиз мақтаўға турарлық. 4-курста сиз әлле-қашан ядлаған аятлар сизге жақсы тәсирин көрсетиўин даўам етиўи ушын сиз Мухаддес Жазыўды ядқа түсириў ушын жетерли ўақыт ажыратыўыңыз керек.

5. Жетинши ҳәптеге дейин барып (35 б) сизге А сериясындағы аятларды қайталаў ушын қайтарып қалташаға, ал В сериясындағы аятларды қутышаға салып қойыўыңыз керек болады.

Алдағы курсларда сизге аятларды өз ўақтында ҳәм табыслы қайталаўды ҳәм басқа да усылларын үйрениўге туўра келеди. Алдын ядланған аятларды қайталаў бойынша мәсләҳәтине дыққат пенен қараў керек. Бул кеңеслер ҳәр бир сабақтың материалында ушырасады.

*Даналардың айтқанларын қулағыңды түрип тыңла,*
*Мениң билимиме жүрегиңди қарат;*
*Ийги болар бәрқулла, оларды есиңде сақласаң,*
*ҳәм аўзыңнан тасламасаң.*
*Исенимиң Ийемизде болыўы ушын мен сени*
*бүгин үйретемен ҳәм сениң есиңде болсын.*
*-Нақ-мақ 22:17-19*

## ***Бизлердиң тийкарымыздың өзгериўи***

Ҳәмме руўҳый талпыныўдың мақсети Ийса Масихтың тийкарына ҳәм жеккелигине көбирек уқсаўға бизлердиң өзгериўимиз болып табылады.

Мухаддес Китаптың принциплериниң пикири менен бизлердиң тийкарымызды өзгертиўимиз ҳаққында айтып, бизлер Мухаддес Жазыўда қайта-қайта ушырасатуғын төрт тема менен соқлығысамыз.

Бул темалар төменде қысқаша пикирин анық жазылған. Ҳәр бир жазылған пикирдиң астында үш таза қатарлар қалдырылған.

Бул қатарларға ҳәр бир темаға туўра келетуғын Мухаддес Жазыўдан 3 аятты жазың. Төменде ҳәм 10-11-бетлерде берилген аятларды пайдаланың.

| | | |
|---|---|---|
| Забур 127:1 | Рим 5:3-4 | Тимофей 2-х 3:16-17 |
| Юхан 8:31 | Рим 8:29 | Яқып 1:3-4 |
| Юхан 15:5 | Коринф 1-х 3:6-7 | Петрдиң 1-х 1:6-7 |
| Елшилер 20:32 | Ефес 4:13 | Юхан 1-х 3:2 |

1. Қудайдың мақсети-бизлерди Ийса Масихқа уқсатып өзгертиў.

   ________________________________________
   ________________________________________
   ________________________________________

2. Оның сөзи арқалы Қудай менен байланыстың бәрқулла терең мәниге толтырылыўы бизлердиң тийкарымыздың өзгериўиниң жолы болып табылады.

   ________________________________________
   ________________________________________
   ________________________________________

3. Бизлер толық Қудайға ғәрезлимиз. Тек Ол бизлердиң тийкарымызды бәрқулла өзгерте алады.

   ________________________________________
   ________________________________________
   ________________________________________

4. Сынақ ўақтында Қудайға нәзер аўдарыў бизлердиң тийкарымызды беккемлейди ҳәм раўажландырады.

   ________________________________________
   ________________________________________
   ________________________________________

Руўҳый күш-бул мақсетке ерисиўдиң қуралы. Бизлердиң мақсетимиз Ийса Масих сыяқлы болыў, Қудайға унамлы болыў ҳәм Ол бизлерге бул дүньяда нени тайынлағанын нәтийжели орынлаўымыз.

### *Масихыйлардың тийкары ҳаққында айтатуғын аятлар*

«Егер Қудай үйди жаратпаса, оны қурыўшылар бийкарға мийнет етеди, егер Қудай қаланы қорғамаса, сақшылар бийкарға уйықламай шығады» (Забур 126:1).

«Сол ўақытта Ийса, Өзине исенген яҳудийлерге: Егер Мениң сөзлерим бойынша жасасаңлар, ҳақыйқый шәкиртлерим боласызлар» (Юхан 8:31).

«Мен-жүзим ағашыман, сизлер-шақаларсыз. Ким Менде болып, Мен онда болсам, ол көп жемис береди. Себеби, Менсиз ҳеш нәрсе ислей алмайсызлар» (Юхан 15:5).

«Енди мен, сизлерди Қудайға ҳәм Оның мийримин билетуғын сөзге тапсыраман. Бул сөз сизлерди беккемлеп, Қудайдың мухаддес болған пүткил адамлары менен бирге, сизлерге де мийрас бериўге қүдирети жетеди» (Елшилер 20:32).

«Бизлер тек бул себепли емес, ал қыйыншылықлар себепли де қуўанамыз. Өйткени, қыйыншылықлардан сабырлылық, сабырлылықтан тәжирийбелилик, тәжирийбелиликтен үмит пайда болатуғынын билемиз» (Рим 5:3-4).

«Өйткени Қудай, Өзи бурыннан таңлаған адамларының Улына уқсаўы ушын. Оларды алдын ала белгиледи. Солай етип, Қудай Өз Улының көп туўысқанлар арасында туңғыш болыўы ушын, усылай иследи» (Рим 8:29).

«Туқымды мен ектим, Аполос суўғарды. Бирақ, егинди Қудай өсирди. Солай етип, еккен адам да, суўғарған адам да әҳмийетли емес, ал егинди өсирген Қудай әҳмийетли» (Коринф 1-х 3:6-7).

«Нәтийжеде, бизлердиң ҳәммемиз, Қудайдың Улына исениўде ҳәм Оны билиўде бирликкке ерисип, Масихтың толық минсизлигине дейин өсип барамыз» (Ефес 4:13).

«Мухаддес Жазыўлардың ҳәммеси Қудайдың Мухаддес Руўҳының илҳәми менен жазылған болып, тәлим бериў, әшкаралаў, дүзетиў ҳәм ҳақыйқатлық бойынша тәрбиялаў ушын пайдалы. Олар тийкарында, Қудайдың адамы ҳәр бир жақсы иске таяр болыў ушын жетилисип барады» (Тимофей 2-х 3:16-17).

«Себеби исенимиңиздиң сыналыўынан, сабырлық пайда болатуғынын билесизлер. Ҳеш бир кемшиликсиз, жетилискен ҳәм минсиз адамлар болыўыңыз ушын, толық сабырлық етиңлер» (Яқып 1:3-4).

«Усы себепли қуўанып, шадланыңлар. Ҳәзир қысқа бир ўақыт ҳәр түрли сынаўларға ушырағаныңызда азап шегиўге туўры келсе де, бул исенимиңиздиң таза болыўы ушын пайдалы. Себеби, от пенен тазаланғанда жоқ болып кететуғын алтыннан қымбатлырақ болған исенимиңиз сынаўдан өтип, сизлер Ийса Масих келгенде, мақтаў, даңқ ҳәм ҳүрметке сазаўар боласызлар» (Петрдиң 1-х 1:6-7).

«Ҳәй, сүйикли туўысқанларым, бизлер енди Қудайдың балаларымыз. Бирақ қандай болатуғынымыз еле бизлерге көрсетилмекте. Масих келгенде, Ол сыяқлы болатуғынымызды билемиз. Себеби, Оның қандай екенин көремиз» (Юханның 1-х 3:2).

**2-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

1. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 2-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият пенен танысың ҳәм үйрениң (12-б). «Қудайдың Руўҳы» темасы бойынша еки аятты ядлаң, Коринф 1-х 4:16 ҳәм Коринф 1-х 2:12. Ендиги сабаққа өзиңиз бенен аятлар ушын қутышаны алып келиң.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша 1-11 сораўларына жуўап бериң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап (57:60).
4. ***Ҳәр түрли:*** 14-беттеги «ӨСИП дегенимиз не» бөлими менен дыққат пенен танысың.

# 2-Сабақ

## БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың Руўҳы» темасы бойынша еки аятты қайталаң, Коринф 1-х 3:16 ҳәм Коринф 1-х 2:12.
2. Сиз Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди киргизген, Қудай менен жалғыз қалған ўақтыңызда пайда болған пикирлер менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңизди ямаса оларға көпир сүўретлемесин көрсетип ҳәм түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Аятлары бар қутыны тәртипке келтириң.
5. «Шақырық жемис алып келеди» бөлиминдеги 1-11 сораўларды талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап (57-60 бет).
6. «ӨСИП деген не» бөлимин талқылаң (14:19 бетлер).
7. 3-сабаққа тапсырманы оқың (19-20 бет).
8. 3-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар алып барыўшыны тайынлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, екинши ҳәпте***

Сиз үшинши курста ислеўиңиз керек болған:

1. Ядта сақлаў ушын материаллары менен. Бул «Қудайға исениң» бөлиминдеги 12 аяты бар карточка (В серия). Сиз аятлар ушын 1-3 курста пайдаланылған қалташаны пайдаланың (Ҳәмме аятларды бир ўақытта қалташаға салмаң. Оларды қолайлы жерде, мысалы, аятлар ушын қутышаның артқы бөлегинде сақлаң).
2. «Үйренген аятларға ескертиўлери» менен. Бул бөлим сизлерге жақсы түсиниўге ҳәм өмирде Мухаддес Жазыўды жемисли пайдаланыўға жәрдем береди.
3. «Ҳәптелик жобасы» менен. Ол сизлерге Мухаддес Жазыў өз бөлимин үзликсиз арттырыўға жәрдем береди, соның менен бирге сиз көп ҳәм жүдә көп аятларды үйренген ўақтыңызда не айрықша әҳмийетли екенин ядланғанларды беккемлеўге мүмкиншилигин береди.

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

В СЕРИЯ. ҚУДАЙҒА ИСЕНИҢ.

Қудай «бизлерге керекли болған ҳәмме нәрсени» берди (Пертдиң 2-х 1:3). Бизлердиң аз мүмкиншиликлеримизди, жолымызда ушырайтуғын ҳәр қыйлы сынақ ҳәм қыйыншылықларымызды билип Қудай Оның атын алғыслап жақсы

ҳәм жемисли жасаўымыз ушын бизлердиң ҳәмме зәрүрлигимизди тәмийинледи. Бизлер өзимизди Қудайға толық арнап, Ол бизлерге не бергенин билип пайдаланып ҳәм ҳәммесинде Оны тыңлаўымыз керек. Ол бизлерге күш ҳәм уқыплылық береди. «Себеби Өзине унаған ислерди қәлеўиңиз ушын, Қудайдың Өзи сизлерге түртки салады» (Филип 2:13). Бул сериядағы аятлардың сөзи өз өмиринде Қудайдың еркин орынлаў жағдайда болыўы ушын исениўши исениўге болатуғын алты дереклер ҳаққында өтеди.

1-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ РУЎҲЫ.

Бизлер Масихты Қутқарыўшымыз ҳәм Ийемиз деп қабыл алған ўақтымыздан баслап Мухаддес Руўҳ бизлерде болады. Ол бизлерге қолымыздан келмейтуғынды ислеўге жәрдем бериўи,-Масих ушын жасаў ҳәм жеңип шығып оған хызмет етиў ушын бизлерде жасайды. Мухаддес Руўҳ бизлерди жәрдемимиз бенен ҳәм бизлерде тынбай мийнет етеди.

**Коринф 1-х 3:16**-Бул аятта Павел Мухаддес Руўҳ бизлерде жасайтуғынын айтады. Басқа хатта ол: «Кимде-ким Масихтың Руўҳына ийе болмаса, ол Масихқа тийисли емес» (Рим 8:9) - деп жазған.

**Коринф 1-х 2:12**-Мухаддес Руўҳ бизлерге Қудайдағы ҳақыйқатты ашып береди. Ийса Өзиниң шәкиртлерине Мухаддес Руўҳ оларды «ҳәр қыйлы ҳақыйқатларға» үйретеди (Юхан 16:13) ҳәм оларға Оның сөзин түсиниўге жәрдем беретуғынын айтты. Бул аятларды ядлап атырып Мухаддес Руўҳқа оларды терең мәниге толтырыўына рухсат етиң.

***Ҳәптелик жоба.***

1. Ҳәптениң басында Б сериясындағы он еки аятты күнде қайталаў ушын қалташаға салып қойың. А сериясының карточкасы ҳәм «Масих пенен бирге баслаў» темасы аятлар ушын қутышада болыўы керек.
2. В сериясындағы биринши еки аят қалташаның ашық жеринде болыўы керек (Коринф 1-х 3:16 ҳәм Коринф 1-х 2:12).
3. Бурынғыдай биринши еки күн аралығында биринши аятты, кейинги еки күнде-екиншисин ядлаң, ал ақырғы үш күнде олардың екеўинде-сол ҳәм басқасын қайталың.
4. Күнде Б сериясындағы он еки аятты қайталың.
5. Ҳәптениң ақырында сиз бул ҳәптеде ядланған еки аят сизиң анық есиңизде екенин тексериў ушын оны кимге болса да цитаталап айтып бериң ямаса қағазға жазың.
6. Егер бул аятлардың қандай да сөзиниң мәниси анық болмаса, оны жақсы түсиндирме сөзлик пенен салыстырып қараң.

***Жетекши ушын жоба: «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша сораўлар***

Биреўден 1-сораўдың алдындағы қатарларды оқыўын сораң.

## 1-БӨЛИМ-ҚУДАЙ СИЗЛЕРДИҢ ЖЕМИС АЛЫП КЕЛИЎИҢИЗДИ ҚӘЛЕЙДИ

**1-5-сораўларға:** «Қудай сизлердиң жемис алып келиўиңизди қәлейди» үйренип атырған бөлимде сизге не көбирек тәсир етти?

**1-сораўға:** Бир неше адамнан 1-г сораўға жуўапларын оқып бериўин сораң.

**2-сораўға:** Бизлердиң «нурымыз» қандай да және басқа жақсы ислеримизде көрине ме?

**3-сораўға:** Бизлерден Руўҳтың биринши жемисин айтыўын сораң (Егер басқа аўдарманы пайдаланған болса, басқалары тап соны ямаса басқа нәрсени жазғанын сораң). Биринши жуўап бергенге бул жемиске анықлық бериўин сораң. Кейин бул жемис басқаларын қалай атайтуғынын сораң. Усы усыл менен Руўҳтың басқа да жемислерин талқылаң.

**4-сораўға:** Ким жазылған өзгешеликлери менен биринши бөлисиўди қәлейди? (Кейин бул себеп бойынша оларда не жазылғанын басқалардан сораң. Оннан кейин екиншисине, үшинши ҳәм кейинги өзгешеликке өтиң, ҳәр бирине сондай талқылаў өткериң).

**5-сораўға:** Ким 5-сораўға жуўап бериўге ҳәрекет етип көриўди қәлейди? Сизиң жуўабыңыз топардағы басқа ағзаларға жәрдем болыўы мүмкин.

## 2-БӨЛИМ-РУЎҲЫЙ ӨСИЎ

**6-11-сораўларға:** Сиз «Руўҳый өсиў» бөлиминен өзиңизге жаңадан не аштыңыз?

**6-сораўға:** Петр бизлердиң Қудай сыяқлы мухаддес болыўымызды нәзерде тутқан ба? Бундай болыў мүмкин бе?

Сораўдан кейингин цитатаны биреўден оқып бериўин сораң.

**7-сораўға:** Бир неше адам 7-сораўдың ең кейинги пунктине жуўапларын берсин.

**8-сораўға:** 8-сораўға жуўап бериўин сораң.

**9-сораўға:** Бул сораўдың екинши бабына жуўапларын оқып бериўин сораң.

**10-сораўға:** Бир ямаса еки адамнан биринши үш пунктқа жуўапларын оқып бериўин сораң (ҳәр бир пунктти бир бөлек қарап шығың). 10 г ҳәм 10 д сораўларына өз жуўаплары менен бөлисиўге қәлеўшилер бар ма, сораң. Биреўден 10 д сораўдан кейинги цитатаны оқып бериўин сораң.

**11-сораўға:** Усындай пикирдиң биреўин ямаса екеўин алың ҳәм топар ағзаларынан оларды баянлап бериўин сораң.

**ӨСИП деген не**

Масих бизлерди Өзиниң шәкирти болыўға шақырып, бизлер толық өзимшиллик ҳәм өзимизди жоқары тутатуғынға байланыслы өмиримизден бас тартыўымызды ҳәм толық мәнили, жемисли ҳәм мақсети бар өмирге қараўымызды қәлейди. Бир тәреплеме бизлер тыныш жәмийетте жақсы өмирде жубататуғын ынжық масихыйлар болмаўымыз керек. Басқа тәреплеме бизлер оның жақсы басланыўынан кейин масихый өмирде «жанып кетпеўимиз» керек. Бизлердиң өмиримиз узақ ўақыт даўамында жемисли болыўы ушын, «өсиўде» ойланып жасаў керек.

Бул сабақта дурыс өсиў ҳаққында ойланыўда, бизлерге барлық өмиримиздиң даўамында жақсы жемис алып келиўге уқыплылықты қалай сақлаўды түсиниўге жәрдем береди. Ҳәр бир ҳәрип бул теманың бир бөлимин көрсетеди.

**Ө**-Өз руўҳый өсиўиңизди тексериў

**С**-Сениң күнделигиң

**И**-Ибадатлар ҳәм оларға жуўаплар

**П**-Пухараларға Хош Хабар айтыў

4-курста сиз «Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин» пайдаланыўды, «Хош Хабар бойынша жазыўларды» алып барыўды, ал 5-курста-«Дуўа етиў күнделиги» ҳәм «Жеке күнделикти» үйренесиз. Ҳәмме төрт бөлим бул сабақта қарап шығарылады.

Ө-Өз руўҳый өсиўиңизди тексериў

Өзиңизге Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин басламастан алдын, өзине бир неше анық қойылған мақсетлерди жазыўы керек. Мине төменде берилген күнделиктеги адам өз алдына қандай мақсетлер қойған.

1. Күнине 10 минут Мухаддес Китап оқыў ҳәм белги қойыў.
2. Ҳеш болмағанда күнине 5 минут дуўа етиў.
3. Мухаддес Китапты ең болмағанда ҳәптесине 1 саат үйрениў (изертлеў).
4. Keминде күнине 20 аятты қайталаў.
5. Ҳәр бир ҳәптеде 2 аятты ядта сақлаў.
6. Ең болмағанда ҳәптесине 3 рет жуўырыў менен шуғылланыў.
7. Айына бир мәрте 3 сааттан кем емес даўамында күндизги дуўа етиўди өткериў.

Сиз ең аз мақсетлердиң дизимин дүзиўиңиз керек. Солай етип оны қолыңыздан келгенше орынлаўды ҳәм көбирек белгилегениңизди ислеўиңиз керек болады. Бул Құдайдың жәрдеми менен және жоқары мақсетлерге ерисиў ушын нийетлерди шақырады ҳәм жигерлендиреди.

| | Күнине 10 минут Мух.Кит. оқыў | Күнине 5 минут дуўа етиў | Ҳәптесине 60 мин Мух.Кит. үйрениў | Күнине 20 аят қайталаў | Ҳәптесине таза 2 аят | Ҳәптесине 3 м ерте жуўырыў | Айына бир рет күндиз дуўа етиў |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3/9 | 10 | 5 | | 20 | Ишая1:10 | x | |
| 4/9 | 12 | 10 | 20 | 20 | | | |
| 5/9 | 10 | 5 | | 15 | | X | |
| 6/9 | 15 | 5 | 10 | 20 | Филип 4:13 | | |
| 7/9 | | 10 | 30 | 20 | | X | |
| 8/9 | 20 | | 10 | 20 | | | |
| 9/9 | 15 | 5 | | 40 | Еремия 3:22-23 | X | |
| 10/9 | 10 | 5 | 20 | 20 | | | |
| 11/9 | 10 | 10 | | 10 | | X | |
| 12/9 | 15 | 5 | 20 | | Санлар 23:9 | | |
| 13/9 | 15 | 5 | | 20 | | | |
| 14/9 | 15 | 10 | 45 | 35 | | X | |
| 15/9 | 20 | 30 | | 20 | Петр 1-х 5:7 | | |
| 16/9 | 20 | 5 | 10 | 25 | | X | |
| 17/9 | 25 | 10 | 30 | 40 | | | |
| 18/9 | 20 | 5 | 15 | | Филип 4:19 | X | |

Сиз бос өткен ўақыттың шамасын ямаса сол ямаса басқа мақсетлердиң орынланғанын «x» белгиси менен белгилеп көрсетип өз нәтийжелериңизди жазсаңыз болады. Егер сизде қағазға жазылған Қудайға өтинишиңиз болса ҳәм сиз олар ҳаққында күнде дуўа етиўди қәлесеңиз, онда жумсалған ўақытты жазыўдың орнына узақша ямаса атанақ пенен шеклениўге болады.

Ҳәр бир төрт-алты ҳәптеден өз мақсетиңизди қарап шығыўыңыз шәрт. Ақыллы мақсетлерге қойыўға ҳәрекет етиң. Олардың гей биреўлерин көбейиўге, басқаларын азайтыўға туўра келиўи мүмкин. Ҳәр бир бир неше айдан кейин өмиримиздиң қандайда-бир жаңа *көз-қарасына (аспектине)* көбирек дыққат аўдарыўды баслаў керек емес пе екенин ойланыўымыз керек. Бундай тексериў жаңа туўылған масихыйға ямаса исенимде енди өсип атырғанға жәрдем бериўден гөре көп жағдайда кесент береди, себеби ол адамға Масихтағы өмирине шектен тыс *тақыўалық* қарым-қатнасты үйретеди. Бирақ сиз бул усылды мақсетке ылайықлы пайдаланыўыңыз ушын жетерли «руўҳый жетилискен» болыўыңыз керек. Сизиң Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги не ислеў кереклигин айтып турыў ушын емес, ал Ийса Масихтың ҳақыйқый шәкирти қандай болыў кереклигин сиз сондай болыўыңызға жәрдем бериўи ушын арналған. Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигине таза бетлер китаптың ақырында берилген.

C-Сениң күнделигиң.

Жеке күнделиктиң астында руўҳый күнделик нәзерде тутылған. Ол сизлерге қудай өмириңизди қалай өзгертип атырғанын бақлаўға жәрдем береди. Жазыўды алып барыў өз шешимлериңиз ҳәм пикирлериңизди жақсы түсиниўге жәрдем береди. Жеке күнделик-Қудай сизлерден аның не қәлейтуғынын ҳәм жол баслаўшыңыз болады. Сиз бир неше ай ямаса жыл өткеннен кейин оны оқыған ўақтыңызда ол айрықша баҳалы болады.

Күнделикти жазыў нийети:

- Қудай менен күнде жалғыз қалып байланысыў.
- Күндизги дуўа етиўди өткериў.
- Мухаддес Китапты оқығанда жазылатуғын күнделиктеги белгини қарап шығыў
- Жобаластырыў ҳәм жуўмақ шығарыў.
- Ўаз ямаса сабақ.
- Нәсият ямаса кеңес алғанда.
- Қудайдың сөзи үстинде узақ ўақыт ойланыўды өткериў ўақтында келиўи мүмкин.

Жазыўлар қапланған жазыўларға арналған дәптерге, папкаға ямаса дәптерге ислениўи керек. Бул курста жеке күнделик ушын ҳеш қандай бир үлгили түр берилмейди.

Күнделиктеги жазыў былай көриниўи мүмкин:

3/1 Өткен жылды еске алып, мен Қудай мениң ҳәм мениң шаңарағымды қалай басқарғаны ушын, жумыста ҳәммеси жақсы кетип атырғаны ҳәм мениң қанаатлы болғаным ушын, Мухаддес Китап бойынша күнделикли сабақтың арқасында мениң өмирим көбирек тыныш болғаны ушын, ноябрьде бизлерде қонақ болған Георгий ҳәм Мариналардың Масихқа келгени ушын миннетдарман.

12/1 Забур 77:70-72. Маған ҳәзир не берилгенин тырысып орынлаўым шәрт. Келешек ҳаққында Қудай ғамхорлық етеди.

13/1 Үйде аяздан емеленип атырғанымда «Қудайды таныў» китабын оқыдым.

15/1 Бүгин ақша жағдайы тынышсызландырды. Қудайға исенип ҳәммесин қойдым. Забур 121 ди оқығаным жәрдем берди-Қудай бизлерди таслап кетпейди. Ол бизлерге ҳәзир ҳәм келешекте қарайды ҳәм жәрдем береди.

17/1 Филиплилерге жазылған хат 4:6-7 де мениң ақылым ушын үзликсиз дуўа етиўим қандай әҳмийетли екени айтылады. Мен бир нәрсе ҳаққында тынышсызланыўдың орнына мен дуўа етемен. Қудайдың тынышлығы ҳәм Ийса Масихтағы ойланыў мениң жүрегимди сақлайды.

20/1 Кеше маған кешки аўқатқа келген Паша менен жақсы сөйлестик. Оның менен жақсы танысыў мүмкиншилиги ҳәм Хош Хабар ҳаққында айтыў ушын дуўа етемен. Кеше мүмкиншилик болған жоқ, бирақ бизлер оны аўқат бергенимиз ҳәм миймандослық көрсеткишимиз ушын миннетдарман.

21/1 Лука 9-да Ийса Әкениң даңқында, мухаддес периштелер ҳәм Өзиниң жаңқы менен келеди. Егер мен Оннан ҳәм Оның сөзинен уялсам, Ол меннен уяла ма? Қудайым бундай болып қалмасын! Мен Сен ҳаққында исенимли айтыў менен Сени күшли жақсы көриўди қәлеймен. Дүньялық машқалалар мени соқыр етиўине жол қойма.

## И-Ибадатлар ҳәм оларға жуўаплар.

ӨСИП-тиң кейинги әҳмийетли бөлими-Қудайға өтинишлерди ҳәм оларға жуўапларды жазыў. Ҳәмме дуўа етиўлериңизди жазыўдың кереги жоқ, тек сизге айрықша мәниге ийени алғаныңыз жетерли.

Сиз Қудайдан бир неше рет сораўды қәлейтуғыныңыз ҳаққында жазсаңыз болады. Бул сизиң өмириңиз, шаңарағыңыз, хызмет, жумыс ҳаққында дуўа етиўлер болыўы мүмкин.

Дуўа етиўде анық болың. Батыр болың. Еврей 4:16 ның мәсләҳәтинен өрнек алың: «Сонлықтан, реҳимлилик алыў ушын ҳәм керек ўақтында өзлеримизге жәрдем ететуғын мийримге ерисиў ушын, Қудайдың мийримге ийе тахтына батыллық пенен жақынласайық». Сизиң өтинишлериңизге Қудай қалай жуўап бергенин анықлаў ушын анық болыўы керек. Айқын емес өтиништиң анық жуўабын көриў жүдә қыйын. Соның менен бирге өтинишлерин ҳәм оған жуўапларының күнин жазыўы керек.

Китаптың ақырында пайдаланыўға болатуғын дуўа етиўди жазыў ушын таза бетлер берилген.

Төменде дуўа етиў ҳәм жуўапларды жазыў үлгиси көрсетилген:

| | |
|---|---|
| 4/2 *Жаңа жумыстағы жақсы коллектив* | 20/5 *Дерлик ҳәмме хызметлер менен жақсы қарым-қатнас пайда болады.* |
| 10/2 *Жақсы жәмийетке барыў мүмкиншилиги* | 16/3 *Мынадай районда Жәмийетке барыўды шешетик.* |
| 13/2 *Мухаддес Китапты үйрениў бойынша биреў топарды алып барыўды баслаў* | 12/5 *Георгий бул менен шуғылланыўға разы сыяқлы* |
| 10/3 *Он жасар Миша ушын масихый дос* | 20/6 *Жаңа шаңарақ қоңсы квартираға көшип келди. Олардың баласы он еки жасар* |
| 4/5 *Июльдағы конференцияға барыў ушын ақша табыў* | 8/6 *Жақсы баҳаға гаражды саттық. Бул ақшадан алыўыма болады.* |
| 10\5 *Алексей жаңа жерде жумыс табыўы ушын* | |
| 11/5 *Светаның босаныўы жақсы өтиўи ушын* | 8/6 *Дени-саў бала туўылды* |

Бир неше жыл, ал мүмкин он жылдан кейин бундай дуўа етиўге жуўаплар күнделигин аўдарыў қаншалық қызық болатуғынын көз алдыңызға келтириң. Дуўа етиўге жуўапларды өз ўақтында жазыў исенимди беккемлейди ҳәм үзликсиз дуўа етиўди кеңейтиўге жәрдем береди.

П-Пухараларға Хош Хабар айтыў.

***Не ушын Хош Хабар бойынша жазыўларды алып барыўымыз керек.***

Егер сизге Масихты қабыл етиў ушын жақын болған исенбеўшилерди айтыў ушын 20 секунд берсе, сиз қанша адамды айта аласыз? Бул ҳаққында ойланыў ҳәм дуўа етиў кереклиги анық болып тур. Сиз Хош Хабар бойынша жазыўларды алып барыў пайдалы екенин бирден көресиз.

Егер сиз адамлардың Ийса Масихқа исенимге келиўин қәлесеңиз, олар ушын дуўа етиўиңиз ҳәм «оларды жүрегиңизге сақлаўыңыз» керек. Бунда Хош Хабар бойынша жазыўлар жәрдем береди. Жийи дуўа етиў ҳәм ойланыў ҳәрекет етиўге жигерлендиреди. Сизиң дуўа етиўиңиз ҳәм ойланыўыңыз басқа адамларды Масихқа келиўге жәрдемлесетуғын ҳәрекетке келиўи мүмкин. Бул жазыўды алып барыўда қолыңызда бар болған қәлеген қағаздан пайдаланың.

***Хош Хабар бойынша жазыўды алып барыўды қалай баслаўымыз керек.***

1. Қудайдың басшылығын сораң, сизге даналық бериўи ушын дуўа етиң.
2. Сиз қарым-қатнаста болатуғын исенбеўшилердиң он ямаса көбирек атларын жазың. Мысалы, булар қоңсылар, ағайынлер, жумыстағы ислес, мектептеги ямаса университеттеги дослар ҳәм басқалар болыўы мүмкин. Сиз басқа

адамларды қалай есиңизге түсиргениңизге қарап дизимди толтырсаңыз болады.

3. Бул дизимге қараң ҳәм анықлаң, сиз биринши гезекте исенимиңизди ким менен бөлисиўди қәлейсиз. Сизиң шешим қабыллаўыңызға жәрдем беретуғын он белги төменде берилген.
4. Өзиңиздиң исенимиңиз ҳаққында бөлисиўди қәлеген адамларыңыздың дизимин дүзиң (5-6 адам).
5. Ҳәр күни усы адамларға дуўа етип баслаң.

Бул болыўы мүмкин болған адамлар:

1. Сизиң көз-қарасыңызға Масихты қабыл етиўге жақын болғанлар.
2. Сиз жақын ҳәм жийи қарым-қатнаста болғанлар менен.
3. Руўҳый сораўларға қызығыўшы.
4. Көп дуўа еткенлериңиз. Мүмкин, олар ушын сиз ямаса сиз билетуғын және биреў дуўа еткен.
5. Сизге ҳүрмет ҳәм дослық қатнасты тәмийинлейтуғын.
6. Жақында айырылысыўға туўра келетуғынлар менен.
   А) Ким жақында басқа орынға көшип кететуғынлар,
   Б) Биреўге мүмкин азғана жасаў қалып тур.
7. Исениўши адам менен некеде болыў.
8. Әлле-қашан басқалар гуўалық еткен ямаса әлле-қашан Хош Хабар ҳаққында билетуғынлар.
9. Сиз Мухаддес Руўҳ пенен жүрип тынбай тынышсызланатуғын руўҳый жағдайдағы адамлар.
10. Қудай сизиң өмир жолыңызды үзликсиз салғанға уқсаған.

***Не ҳаққында дуўа етиў.***

Дуўа етиўиңиз ҳәм ҳәрекетиңизде сиз бул адамлардың тек кеўил қойғанына емес, бирақ ортадағы мақсетлерине де дыққат аўдарыўыңыз керек. Мысалы, сиз бул адамлар менен бирге ҳәр түрли клублар, бөлимлерге барыўыңызға болады. Сиз олар менен дословқан ўақтыңызда, олар сизиң сөзиңизге көбирек мәни бериўи, сизге Мухаддес Китап бойынша сабағыңызға ямаса масихыйлық тематика бойынша лекцияларға үлкен нийет пенен келиўи мүмкин.
Бул адамлардың кейинги исенимге келиўи сыяқлы ортадағы басқышлардың табысы ушын дуўы етиң.

***Соңғы дизимниң үстинде ислеў.***

Ҳәр бир неше айда бул дизим қарап шығылыўы керек. Жылына төрт мәрте жетерли болыўы мүмкин. Сизиң дизимиңизге алты аттан көп болмасын. Сиз өз исенимиңиз ҳәм дизимиңизге жоқ болған басқа көплеген адамлар менен бөлисесиз, бирақ биринши гезекте усы алты адамның арасында болғанды

Масихқа келиўине жәрдемлесиў ушын ҳәмме мүмкиншиликлерди ислең. Солай етип, дуўа етиң, жобаластырың ҳәм ҳәрекет етиң.

**4-курстағы ӨСИП-тиң бөлимлери.**

***Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги.***

1. Жоқарыда көрсетилген мәсләҳәтлерге тийкарланып, жеке мақсетлердиң дизимин дүзиң. Сизде усындай мақсетлердиң кеминде бесеўи болыўы керек.
2. Қойылған мақсетлерге туўра келетуғын Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин дүзиң. Сиз китаптың соңында табатуғын таза бланкалардан пайдаланың. 17-бетте берилген үлги менен орынлаң (Бул тапсырма 4-сабақта жуўмақланыўы шәрт).
3. Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигиңизди еки ҳәпте аралығында, ҳеш болмағанда ҳәптесине 5 күн аралығында пайдаланың.

***Хош Хабар бойынша жазыўлар.***

1. Бул жазыўларды алып барыў бойынша жоқарыда көрсетилген көрсетпелерге тийкарланың (3-сабаққа ҳәмме питкерилиўи шәрт).
2. Сизиң дизимиңизде 3 адамнан кем емес, бирақ алтаўынан көп емес болыўы керек.
3. Ҳеш болмағанда еки ҳәпте даўамында ҳәптесине бес күн ишинде дизимиңиздеги адамлар ушын күнде дуўа етиң (бул мүддеттиң өтиўинен сизге бул дизимди өзиңиздиң күнделикли дуўа етиўиңизге пайдаланып баслаўыңызға туўра келеди).

## 3-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 21-бетте берилген, 3-сабаққа ядта сақлаўға нәсиятты ислең ҳәм үйрениң. «Қудайдың күши» темасы бойынша еки аятты ядлаң, Ишая 41:10 ҳәм Филип 4:13. 22-23-беттеги Өзин-өзи тексериўди умытып кетпең.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша 12-20 сораўларына жуўап бериң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап (60:63).
4. ***Ҳәр түрли:***
   а) Материалларды үйрениў күнделигинде көрсетилген ҳәмме кереклини бериўге таярланыўға ҳәм питкериўге таяр болың.
   б) Ендиги ҳәптеге Хош Хабар айтыў бойынша жазыўды алып барыў ушын керек болған адамлар дизимин таярлаң. Дизимди дүзиў ҳәм оның менен ислеў бойынша жоқарыда көрсетилген баянламаға тийкарланың.

# 3-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. «Қудайдың күши» темасы бойынша еки аятты қайталаў ушын топарларға бөлиниң, Ишая 41:10 ҳәм Филип 4:13.
2. Сиз Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге гүўалық еткениңизди ямаса оларға көпир сүўретлемесин қалай түсиндиргениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Сизиң Хош хабар айтыў ушын дүзген дизимиңизди талқылаң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Шақырық жемис алып келеди» бөлиминдеги 12-20 сораўларды талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 1-бап (60-63 бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына баҳа бериң.
7. 4-сабаққа тапсырманы оқың (24 бет).
8. 4-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар алып барыўшыны тайынлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, үшинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

2-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ КҮШИ

Бизлердиң өмиримизде орынлай алмайтуғын қыйыншылық ямаса жағдайларымыз, бизлерге Қудайдың қудиретиниң таўсылмайтуғын булағынан күш жыйнап алыўға мүмкиншилик береди. Руўҳый өсиўимиз ушын бизлер бәрқулла Оған исениўимиз шәрт. Ийса айтты: «Менсиз ҳеш нәрсе ислей алмайсызлар» (Юхан 15:5).

***Ишая 41:10***-Қудай бизлерге Өзиниң жәрдемин ҳәм бизлер менен бәрқулла болып Өз күшин бериўге ўәде берди. Қудай бәрқулла бизлер менен екенин түсиниў-бул бизлердиң исенимимиздиң ҳәм күшимиздиң уллы дереги.

***Филип 4:13***-Павел өзиниң тәжирийбеси бойынша ол Қудайдың ерки бойынша қандай жағдайға түссе де, барлығы менен қанаатланыўға болатуғынын билди. Ол өзиниң исенимин Қудайдың күшинде алды.

***Ҳәптелик жоба.***

1. Ишая 41:10 ҳәм Филип 4:13 аятларды қалташаның ашық жерине қойың, оның үстине Ишая 41:10 аяты бар карточканы көринип турыўы ушын.

2. Сиз әлле-қашан Коринф 1-х 3:16 ҳәм Коринф 1-х 2:12 ядлап алдыңыз. Енди бул карточкаларды қалташаның ишине жайластырып ҳәм бул аятларды өз ўақтында қайталап жүриў керек.
3. Б сериясындағы аятларды күнде қарап шығыў ушын қалташаға орналастырың.
4. Аятты басқаша етип есиңизге түсириўге ҳәрекет етиўиңизге болады: биреўден силтемениң орнына аяттың биринши сөзин айтыўын сораң. Сонда сизге темасы ҳәм силтемесин есиңизге түсириў ҳәм аяттан алдын ҳәм кейин силтемесин айтып толық аятты цитаталап айтып бериўи керек болады.
5. Ҳәзир өзин-өзи тексериўди өткериў ўақты келди (кейинги бетти қараң).

***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўда өзин-өзи тексериў.***

Өзиңизди тексерместен алдын 3-курстың ҳәмме он ҳәптени ҳәм бул курстың биринши үш ҳәптесиндеги Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў бойынша материалларын есиңизге түсириң. Тексериў сизиң бул сабақларды өткениңизде қаншалық жақсы өзлестиргениңизди көрсетеди. Дурыс жуўаплар ақырында берилген.

1. В сериясындағы аятлар масихый өмирдиң қайсы орталығында көбирек болып көринеди? (Дурыс жуўапты белгилең):
   ( ) а. Қудайдың еркин түсиниў.
   ( ) б. Қарым-қатнас.
   ( ) в. Гуўалық етип билиў.
   ( ) г. Тынышсызлықты жеңип билиў.
   ( ) д. Дуўа етиў.
   ( ) е. Сынақларды жеңиў.
2. Егер ўақты-ўақты менен аятларды даўыслап қайталасақ, онда оларды ядлаў аңсат болады (Аўа ямаса Яқ) Аўа. Яқ.
3. Достың менен ямаса бир неше досларың менен бирге Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың қанадй өзгешелиги бар? (Үш көбирек туўра келетуғын жуўапларды белгилең):
   ( ) а. Бул сизлерге өз-ара қоллаўды береди.
   ( ) б. Сиз үйрениўде қалай алға илгерилегениңизди басқаларға көрсетиўге мүмкиншилик бар.
   ( ) в. Ядта сақлаўда пайдаболған қыйыншылықларды талқылаўға болады.
   ( ) г. Өзиңизди басқа менен салыстырыўға мүмкиншилик бар.
   ( ) д. Қудай бул аятларды сизиң өмириңизде қалай пайдаланып атырғанын айтып бериўге, биреў менен бөлисиўге болады.
4. Руўҳый жетилисиўдиң жолы-бул ... (дурыс жуўапты белгилең):
   ( ) а. Мухаддес Китап фактлериниң билими.
   ( ) б. Өз өмириңизде Қудайдың сөзи менен жүриў.
   ( ) в. Мухаддес Китапты цитаталап айтып билиў.

5. Егер сиз үйренип атырған аятларыңызды қандай да бир сөзлерин түсинбесеңиз, тынышсызланыў керек пе?
   Аўа   Яқ
6. Өмириңизде Қудайдың сөзин пайдаланыўда биринши басқыш-бул ...
   ( ) а. Ең дәслеп қанша бул мүмкин болғанша өз өмириңизди өзиңиз тәртипке келтириң.
   ( ) б. Мухаддес Китап ҳаққында көбирек билиў.
   ( ) в. Қудайдың сөзиниң үстинде ойланыў.
7. Дурыс жуўапларды табың. Ҳәр бир дурыс жуўаплардың номерлердиң қарсысында жазылған гәплерди жуўмақлаң.
   (1) Әлле-қашан ядланған аятларды карточканы сақлаў ушын пайдалана ма?
   (2) Биреўден сизге темасы ямаса силтемесиниң орнына аяттың биринши сөзлерин айтыўын сораң.
   (3) Мухаддес Жазыўдағы аятты ямаса гәпти ойыңыз бенен қайталаң, оннан жақсы бир нәрсе билиў ушын оны ҳәр түрли мүйеш астында қарап шығың, оны жақсы түсиниў ямаса оған тәжирийбелилик қолланба табыў.
   (4) Әпиўайы усыл менен ядта сақлаў қыйын болған аятлар ушын айрықша пайдалы.
   (5) Үйренген үзинди ҳаққында өзиңизге сораўлар бериң.
   (6) Таза аятлар ушын пайдаланатуғын.
   А. Мухаддес Жазыў үстинде ойланыў----демек----
   Б. Мухаддес Жазыў үстинде ойланыўға болады----
   В. Мухаддес Жазыўдағы аятларды өзиңизге үлги етип көрсетиў----
   Г. Аятлар ушын қалтаның ашық жери----
   Д. Аятлар ушын қутыша----
   Е. Аятларды қайталаўдың жақсы усылы ... ушын ибарат болады.

***Дурыс жуўаплар.***

1-в; 2-Аўа; 3-а,в,д; 4-б; 5-Яқ; 6-в; 7-а-3, б-5, в-4, г-6, д-1, ж-2;

***Жетекши ушын жоба: «Шақырық жемис алып келеди» темасы бойынша сораўлар.***

## 3-БӨЛИМ-ЖОҚАРЫДАН ДАНАЛЫҚ

**12-15-сораўларға:** Сиз үйренип атырған бөлимнен жоқарыдағы даналық ҳаққында не билдиңиз?

**12-сораўға Нақ-мақ 19:20:** Сиз қалай ойлайсыз, даналық алыў менен билим алыўдың парқы бар ма?

**13-сораўға:** Биреўге а-бөлимине жуўапларын оқып бериўин сораң. Кейин басқа адамнан сол сораў бойынша пикирлерин айтыўын сораң. Ҳәммеси бул теманы талқылап болғаннан кейин, биреўинен б-бөлимине жуўап бериўин сораң ҳ.т.б.

**14-сораўға:** Сиз қалай ойлайсыз, қандай да бир белгили ислер ҳаққында гәп өткен ўақытта бизлерге даналықты бир рет ямаса бир неше рет сораўымыз керек пе? (Бул сораўдан кейинги цитатаны оқыўын сораң).
**15-сораўға:** Бир неше адамнан бул сораўға жуўапларын оқыўын сораң.

## 4-БӨЛИМ-МУХАДДЕС ӨМИРДЕГИ ҚУЎАНЫШ

**16-20-сораўларға:** Сиз үйренген материаллардағы мухаддес өмирдеги қуўаныш ҳаққында не үйрендиңиз?
**16-сораўға:** Адамның бахты қуўанышының арасында қандай айырмашылық бар?
**17-сораўға:** Марк 10:29-30 силтемесин қараң. Бул аят тап не ҳаққында атап өтеди, егер бизлер Масих ушын ҳәммесин «қалдырсақ» бул өмирде бизлерди не күтеди?
**18-сораўға:** Сиз дүньяның машқалаларына толы, күнниң ең қызғын ўақтында Қудайдың қуўанышында болатуғыныңызды түсиниў ҳақыйқый ма? Егер солай болса, онда қалай?
**19-сораўға:** Қәлеўшилер Павелдиң ҳәрекетлери ҳәм жаңа көз қараслары олардың жуўапларына қалай байланысқанын оқып берсин.
Биреўи ямаса екеўи 19-б сораўына жуўапларын оқып берсин.
**20-сораўға:** Бул сораў менен де 19-сораўдың биринши бөлими сыяқлы ислең.

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Ҳәр бир қатнасыўшыға қысқаша баянламаның бир бөлимин алыўын сораң. Мысалы, талқылаў ўақтында ким белсенди болмағанды шақырың. Қысқа баянламаның бир бөлими бойынша топар ағзаларының жуўапларын тыңлап болып, басқалардың пикирлерин тыңлаўға ҳәм талқылаўға болады.

## 4-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 4-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты ислең ҳәм үйрениң (25 б). «Қудайдың садықлығы» темасы бойынша еки аятты ядлаң, Еремия 3:22-23 ҳәм Санлар 23:19.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша 1-12 сораўларына жуўап бериң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 2-бап (65:68).
4. ***Ҳәр түрли:*** Сизиң Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин толтырыў ҳәм оны өзиңиз бенен сабаққа әкелиң. Күнделик дүзиў ҳәм оның үстинде ислеў бойынша 19-бетте көрсетпелерге тийкарланың.

# 4-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың садықлығы» темасы бойынша еки аятты қайталаң, Еремия 3:22-23 ҳәм Санлар 23:19.
2. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин талқылаң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша 1-12 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 2-бап (65-68 бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
7. 5-сабақ ушын тапсырманы оқың (26 бет).
8. 5-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, төртинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

3-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ САДЫҚЛЫҒЫ

Ҳәзирги заманда гейде ҳеш кимге ҳәм ҳеш нәрсеге исениўге болмаған ўақытта, Қудайдың садықлығын түсиниў ҳақыйқаттан әжайып. Қудайдың садықлығы ҳақыйқат ҳәм Оның тәбиятының бөлеги болып табылады.

**Еремия 3:22-23**-Бул аят бизлерге Қудай әлле-қашан адам менен қарым-қатнасты тоқтата алар еди, егер Оның барлығын өз ишине алатуғын мийрими ҳәм сүйиспеншилиги болмағанда деп айтады. Бирақ, Қудай садық ҳәм соның ушын ҳәр күнги таң Оның менен қуўанышқа толы, жаңа өмирдиң басланыўы мүмкин!

**Санлар 23:19**-Қудай адамлардан айырмашылығы өтирик сөйлемейди. Ол не ҳаққында айтса, соны туппа-туўры орынлайды. Ол Өзиниң сөзине садық. Ийса айтты: «Аспан менен жер жойылады, бирақ Мениң сөзим жойылмайды» (Матта 24:35). Бизлер оларға толық исениўимизге болады, өйткени Ол садық.

***Ҳәптелик жоба***

1. Еремия 3:22-23 ҳәм Санлар 23:19 аятларды қалташаның бос жерине, оннан тысқары Еремияның 3:22-23 сыртынан көринип турыўы ушын жайластырың.
2. Күнде Б сериясындағы аятларды қайталаўды умытпаң.

3. Күнде В сериясындағы әлле-қашан ядланған аятларды қайталаўды даўам етиң.
4. Егер сиз ҳәзир ғана ядлаған аятыңызды умытып қалған болсаңыз тынышсызланбаң. Умытыў-бул ядта сақлаўдың тәбийғый жолдасы. Аятларды өз ўақтында қайталап, умытып қалыўды жеңиўге болады.
5. Ҳәптениң ақырында таза аяларды жазың ямаса кимге болса да ядтан цмтаталап айтып бериң.

***Жетекши ушын жоба: «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша сораўлар.***

Биреўден баптың басындағы мағлыўматты оқып бериўин сораң.

**1-БӨЛИМ-ҲАҚЫЙҚЫЙ СҮЙИСПЕНШИЛИК ДЕГЕН НЕ?**

**1-3-сораўларға:** Сиз ҳақыйқый сүйиспеншилик ҳаққындағы бөлимди үйренгениңизде өзиңизге жаңадан не ашылыс берди?
**2-сораўға:** Бир неше адамға 2-б сораўына жуўапларын оқып бериўин сораң. Сизиң пикириңизше сүйиспеншилик қандай усылда қорқыўды қуўып шығарады (2-д сораўын қараң)?
**3-сораўға:** Бир неше адамға бул сораўға жуўап бериўин сораң.

**2-БӨЛИМ-СҮЙИСПЕНШИЛИКТИҢ БАҒЫТЫ**

**4-6-сораўға:** Сүйиспеншилик кимге бағытланыўы керeклиги ҳаққында сиз не үйрендиңиз?
**4-сораўға, Лука 6:27:** Ҳәзир қандай адамлар «душпанлар» топарына түсип қалады?
**5-сораўға:** Қайсысын жақсы көриў аңсат, масихыйларды ма ямаса исенбеўшини ме? Не ушын?
**6-сораўға:** Бир неше топар ағзаларынан бул сораўға жуўаплар бериўин сораң. Биреўден усы сораўдан кейинги текстти оқып бериўин сораң.

**3-БӨЛИМ-СҮЙИСПЕНШИЛИГИ БОЙСЫНЫЎ**

**7-12-сораўларға:** Сүйиспеншилиги бойсыныў темасын үйрениўге сиз тазадан не үйрендиңиз?
**7-сораўға:** Сизиң пикириңизше Қудайға ғәрезли болыў ҳәм бойсыныў қалайынша өз-ара байланысқан?
**8-сораўға:** Бир неше адамнан бул сораўға жуўапларын оқып бериўин сораң.
**9-сораўға:** Өзин-өзи төмен баҳалаў менменлик болып табылады, бул қалай? Ким толық етип айтып береди?
**10-сораўға, Коринф 2-х 10-12:** Сиз қалай ойлайсыз, өзиңизди басқалар менен салыстырыўдың нәтийжесинде қандай машқалалар пайда болды?
**11-сораўға:** Ким болса да әә-б сораўға жуўап бериўге қәлеўшилерди сораң. Мүмкин, биреў дым жеке характери бар өзиниң жуўабын оқыўына уялатуғын

шығар, бирақ басқа тәреплеме олардың талқылаўы басқалары ушын пайдалы болыўы мүмкин.

**12-сораўға:** Бир неше адамнан бул сораўға жуўап бериўин сораң.

## 5-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 5-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты қайта ислең ҳәм үйрениң (27 б). «Қудайдың тынышлығы» темасы бойынша аятты ядлаң, Ишая 26:3.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша 13-19 сораўларына жуўап бериң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 2-бап (68:69).
4. ***Ҳәр түрли:*** ӨСИПтиң еки бөлимниң-Хош Хабар бойынша жазыўлар. Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги үстинде ислеўди даўам етиң.

# 5-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың тынышлығы» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Ишая 26:3.
2. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Хош Хабар бойынша жазыўларды пайдаланғанның нәтийжеси ҳаққында қысқаша айтып бериң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша 13-19 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 2-бап (68-69 бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
7. 6-сабақ ушын тапсырманы оқың (28-29 бет).
8. 6-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, бесинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ ТЫНЫШЛЫҒЫ

Қорқыў, тынышсызлық бизлердиң заманымыздың өзине тән болған белгисизлик. Ҳәтте ийса Масихқа исеним арқалы Қудай менен тынышлық тапқан масихыйларда, жийи күнделикли өмиринде Қудайдың тынышлығы жетпейди. Соның менен толық татыўлық ҳәм тынышлық-бул бизлердиң Масихтағы заңлы мийрасымыздың турақлы бөлеги.

**Ишая 26:3**-Ҳәммесинде Қудайға исениў-бунда тынышсызлықтан азат болыўдың ҳақыйқый дереги.

***Ҳәптелик жоба***

1. Өткен ҳәптедегидей сол жобада орынлаң. Ишая 26:3 ҳәм Петрдиң 1-х 5:7 аятларын қалташаның ашық жерине қосың. Бул ҳәптеде тек Ишая 26:3 ти ядлаўға туўра келеди.
2. Б сериясындағы аятларды бул ҳәптеде қайталаў ушын қалташаға жайластырың. Ядта сақлаў ҳәм қайталаў бойынша алдыңғы көрсетпелерге тийкарланың. Қалташадағы ҳәмме аятлардың үстинде күнде ислең.
3. Ҳәптениң соңында таза аятты ядта сақлаўдың дурыслығын тексериң.

*«Жақсы ислерде татыўлық ҳәм*
*әдилликтиң жемиси-тынышлық*
*ҳәм қәўипсизлик мәңгиликке болады».*
**-Ишая 32:17**

***Жетекши ушын жоба: «Ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң ҳәрекети» темасы бойынша сораўлар.***

## 4-БӨЛИМ-СӨЗДИ СҮЙИСПЕНШИЛИККЕ ТОЛТЫРЫЎ

**13-15-сораўларға:** Сиз «сөзди сүйиспеншиликке толтырыў» деген нени билдиретуғыны ҳаққында не билдиңиз?

**13-сораўға, Нақ-мақ 12:25:** Сизиң пикириңизше адамға «жақсы сөйлеў» деген нени билдиреди?

**Нақ-мақ 22:11:** Бизлердиң заманымызға қолланғанда «патша-дос» деген нени билдиреди?

**14-сораўға, Нақ-мақ 10:19:** Сиз қалай ойлайсыз, көп сөзлилик қалай гүнаға алып келиўи мүмкин?

Усының менен бирге ашық ҳәм мийирманлы адам болып қалып, аўзымызда қалай иркиўге болады?

**Нақ-мақ 17:9:** Сизиң пикириңизше не ушын өсекшилер-сондай кеңейтилген ўақыт өткериў?

**Нақ-мақ 27:2:** Сизиң пикириңизше, бул аят ким өзин даўыслап, ишинен ямаса басқаларға мақтаныўға байланыслы ма?

**15-сораўға:** Биреўден усы сораўды оқыўын сораң, кейин сабақ қатнасыўшылары бул сораўдың ҳәр бир бөлегине жуўапларын берсин. Биреўден усы сораўдан кейинги жазылған қосықты оқып бериўин сораң.

## 5-БӨЛИМ-ЖАҚСЫ ИСЛЕРДЕГИ СҮЙИСПЕНШИЛИК

Биреўден бул бөлимге кирисиў сөзлерин оқыўын сораң.

**16-19-сораўға:** Сиз үйренип атырған материалдан жақсы ислерде сүйиспеншиликти билдириў ҳаққында сиз жаңадан нени үйрендиңиз?

**16-сораўға:** Бир неше адам бул сораўдың еки бөлегине де жуўап берсин.

**18-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға жуўап берсин.

**19-сораўға, Галат 6:9-10:** Сиз қалай ойлайсыз, не ушын биринши гезекте бизлер басқа масихыйларға жәрдем бериўимиз керек?

Усы сораўдан кейинги Мухаддес Жазыўдағы үзиндини биреў оқып бериўин сораң.

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Еки қатнасыўшы қысқаша баянламаның ҳәр бир бөлимине өзиниң жуўапларын оқып берсин. Мысалы, егер сизиң топарыңызда сегиз адам болса, онда биринши екеўи «Ҳақыйқый сүйиспеншилик деген не?» бөлимин, кейинги

екеўи «Сүйиспеншиликтиң бағыты» ҳ.т.б. оқыйды, тәртип бойынша биринши бөлимди оқығанлар ең кейинги «Жақсы ислердеги сүйиспеншилик» бөлимин оқымайды.

**6-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

5. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 6-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты ислең ҳәм үйрениң (30-31 б). «Қудайдың тынышлығы» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Петрдиң 1-х 5:7.
6. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
7. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша 1-13 сораўларына жуўап бериң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 3-бап.
8. ***Ҳәр түрли:*** а) Оқың ҳәм Хош Хабардың принциплерин (31-32 б) ҳәм Хош Хабар ҳаққында айтыўдың негизлерин (32-33 б) талқылаўға таяр болың.
   Б) Ендиги сабаққа Материалларды үйрениў бойынша күнделигин тексериўге ҳәм қол қойыўға бериў ушын ислей алғаныңызша ҳәммесин таярлаўға ҳәрекет етиң.

# 6-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың тынышлығы» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Петрдиң 1-х 5:7.
10. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң (Басқаларға жәрдем беретуғын, жигерлендиретуғын сондай пикирди табыўға ҳәрекет етиң).
11. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
12. Өткен ҳәптеде сизге Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин қалай жәрдем бергени ҳаққында айтып бериң.
13. Хош Хабардың негизлерин талқылаң (31-32 б).
14. Хош Хабар ҳаққында негизлерин талқылаң (32-33 б).
15. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша 1-13 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 3-бап (71-74 бет).
16. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
17. 7-сабақ ушын тапсырманы оқың (34 бет).
18. 7-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
19. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, төртинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

4-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ ТЫНЫШЛЫҒЫ

Бизлерге Қудайдағы тынышлықты сақлаўымызға көп нәрсе кесент етеди: тынышсызлық, дуўа етиўди менсинбеўшилик, гүнамызға тәўбе етпеў. Булардың ҳәммесин артқа қалдырмаўымыз ҳәм Оннан тынышлық табыўымыз ушын Ийемизге исениўимиз керек.

**Петрдиң 1-х 5:7**-Петр бизлерди ҳәмме машқаламызды бизлердиң ғамымызды жейтуғын Қудайға жүклеўге шақырады.

***Ҳәптелик жоба***

6. Ишая 26:3 аятын қайталаў ушын басқа аятлар менен қалташаның ишине сол Петрдиң 1-х 5:7 ни ашық жерине орналастырың.
7. Б сериясындағы аятлар және бир ҳәпте даўамында күнделикли қайталаў ушын қалташада қалсын. Ҳәр күни оларды сөзбе-сөз цитаталап үйрениўге өзиңизге мақсет қойың. В сериясындағы аятларды күнде қайталаўды даўам етиң.

8. Олардың мәнисин жақсы түсиниў ушын үйренген аятлардың контекстин түсиниўди умытпаң.
9. Егер күн даўамында бос ўақытлар болып қалса, оларды қайталаў ҳәм ойланыў ушын пайдаланың. Бул жүдә пайдалы болыўы мүмкин.
10. Ҳәптениң соңында және ядлаған аятыңызды анық ядта сақлағаныңызды тексериң.

***Хош Хабардың негизлери.***

Усыллар өзгериўи мүмкин, бирақ негиз сол орында қалады. Бул бөлимде бизлер Хош Хабарға байланыслы төрт негизди талқылаўды қәлер едик. Олар ҳәр түрли биригиўлерде, бирақ ҳәр дайым бирге Хош Хабар айтыўда нәтийжели пайдаланыў мүмкин.

**ДОСЛАСЫЎ**

Басқа адамлар менен жақын танысып ҳәм оларға өзиңизди жақсы билиў мүмкиншилигин бериўиңиз керек. Адамлар Масихты сизиң өмириңиз арқалы көреди. Егер адам сизге жақсы қатнасықта болса, сиз оның менен Хош Хабарды бөлискен ўақтыңызда ол мүмкин Масихқа жақсы қатнаста болыўы мүмкин. Бирге исленген жумыс, ҳәр түрли байрамларға қатнасыў, қаланың сыртына сапар етиў, әпиўайы сәўбетлесиў-булардың ҳәммеси исенбеўши менен қатнасты кеңейтиўге әжайып хызмет етеди.

**ЖЕКЕ ГУЎАЛЫҚ**

2-курстың 31-беттеги «Исенимге жол ҳаққында айтып бериўди не ушын билиўимиз керек?» бөлимин оқып шығың. Досларыңыз бенен гуўалығыңызды бөлисип атырып, ол усы ўақыттағы сәўбетлесиўдиң темасы менен байланыслы болыўына ҳәрекет етиң. Бундай темалар балалардың тәрбиясы, дүнья ўақыялары, өмирдеги мақсетлер, машқалалар ҳәм кеўил қалыўшылық болыўы мүмкин.

Жеке гуўалық бизлерге мүмкиншилик береди:

- Сизиң өмирдеги мақсетлериңизди ашыўды.
- Сизиң досларыңызға руўҳыйға қызығыўшылықты оятыў.
- Мүмкин, Хош хабар ҳаққында азғана айтыў.
- Кейинги Хош Хабар ҳаққында айтыў ушын алдын-ала таярлық көриў.

Сизиң жеке гуўалығыңызды еситкеннен кейин, адамға беретуғын бир ямаса еки сораў сизде бәрқулла таяр болсын. Мысалы:

- Мен ҳәзир айтқаныма сизлер қалай қарайсыз?
- Сизлер Ийса Масих ҳаққында не ойлайсыз?
- Сиз усыған уқсас бир нәрсени бастан кеширдиңиз бе?
- Сизиң өмириңиздиң мақсети қандай?

Гейде адамлар еситкенлерине қалай жуўап беретуғынына исениўи жетерли емес. Сизиң алдыннан таярланған сораўыңыз оларға өзиниң пикирин айтыўға жәрдем береди.

## МУХАДДЕС КИТАПТЫ ҮЙРЕНИЎ БОЙЫНША ТОПАР

«Мухаддес Китапты үйрениў бойынша сабақ» деген атама биреўлерди қорқытып жибериўи мүмкин. Егер сиз Мухаддес Китапты үйрениў ҳәм талқлылаў бойынша топар дүзиўди қәлесеңиз, ол сизиң исенбеўши досларыңызды қызықтыратуғындай етип мирәтнаманы дүзиўиңиз керек. Талқылаў танысыў түрде болатуғынын айтып өтиң. Ҳр биреўи өзиниң пикирин ашық билдириўге ҳәм талқылаўда қатнасыўына болады. Бул анық лекция болмайды.

Бундай сабақтың мақсети-исенбеўшилерди Ийса Масих ҳаққында үйрениўдиң Мухаддес Китаплық тийкарлары менен таныстырыў. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар адамларды Ийса Масихқа келиўине жәрдем береди. Егер сизге жақын жасайтуғын масихый достыңыз бар болса, Қудайдан Мухаддес Китапты топарда үйрениўди ким менен баслайтуғын адамларды көрсетиўи ушын дуўа етиўди баслаң.

## ӘҲМИЙЕТЛИ ГҮРРИҢЛЕСИЎ

Бундай гүрриңлесиў исенбеўшилерге Ийса Масихты өзиниң өмиринде Қутқарыўшы ҳәм Ийем деп қабыл етиўине мүмкиншилик береди. Көз алдыңызға келтириң, сиз исенбеўшини Масихты қабыл етиў дуўасын дуўа етиўге көндириўге ҳәрекет етип атырсыз. Көплеген масихыйлар жумысқа дурыс кирисетуғын жағдайда болмайтуғынынан қорқып. Күтиў жақсырақ болған ўақытта басқалары асығады. Сиз кимге гуўалық еткениңиздиң өмиринде Мухаддес Руўх қалай жумыс ислеп атырғанын сезип үйрениўиңиз керек.

Есиңизде болсын, егер адам Масихты шын жүреги менен қабыл етип дуўа етпесе, оны ҳақыйқаттан да қутқарылды деп айтыўға болмайды (Рим 10:13 ти қараң). Гей биреўлер бизлердиң көзимизше дуўа етиўди қәлемеўи мүмкин. Сонда да сиз оларды исенимге шақырыўыңызға болады (Елшилер 17:2-4 ҳәм Коринф 2-х 5:11 ди қараң) ҳәм олар кейинирек жуўа етиўи мүмкин.

### *Хош Хабар ҳаққында айтыўдың негизлери.*

1. Хош Хабар китапшаларынан ямаса сизиң гүрриңиңиздиң тийкары сыпатында сүўретлемеден пайдаланың.

   А. Китапша ямаса сүўретлеме исенбеўши менен сәўбетлесиўге кирискенде сәўбетлесиўшиниң үшинши қатнасыўшысы болады. Бул өзиңизге сораўлар бериў зәрүрлигинен босатады. Ҳақыйқатында ол исенбеўшилердиң алдына сораўлар қояды.

   Б. Китапшаны пайдаланып, сиз адамнан қандай да бир үзиндини оқыўын ямаса сизиң гүрриңиңиз ҳаққында өзиниң пикирин айтыўын сораўыңызға

болады. Бул сәўбетлесиўди лекция ямаса монологқа айланыўына себепши болмайды ҳәм исенбеўшилерге оларға белсенди қатнасыўына мүмкиншилик береди.

В. Китапша ямаса сүўретлеме айтып атырғанның избе-излигин ҳәм тыңлаўшыны эпиўайы сораўларға өтиўди услап турыўға мүмкиншилик береди. Оның дыққаты анық гүрриңниң аның темасына қызығады.

Г. Китапша ямаса сүўретлеме тыңлаўшының дыққатын услаўға ҳәм ол сәўбеттиң мәнисин жақсы түсиниўге жәрдем беретуғын көрсетпели мағлыўмат болып табылады.

Д. Егер исенбеўши Масихты қабыл етпесе, ол бул мағлыўматты өзине алып ҳәм кейинирек оны оқып алса болады. Бул Мухаддес Рууҳ кейинирек бул сораўлар ҳаққында оның менен сөйлесиў мүмкиншилигин береди.

2. Сизиң сәўбетиңиз ўақтында тыңлаўшыңыздың реакциясын түсиниўге ҳәрекет етиң.

   А. Ол талқылап атырған теманы түсине ме? Мүмкин, оның түсиниўге қыйын болған қандай да бир затлары бар шығар (Түсингенин тексериў ушын анық сораўлар бериң).

   Б. Онда рууҳый сораўлар ҳаққында қарсы тура алатуғын түсиниклери бар ма? Ол өзгертиўди қәлемейтуғын қандай да бир көз-қарас ямаса әдетлери бар ма? (Оны исендириў ҳәрекетинде итибарлы болың ҳәм мәниссиз тартысларды шығармаң-Тимофей 2-х 2:23-26 ны қараң).

   В. Мүмкин, ол ушын бул ретте мағлыўматлар жетерли шығар? Ол сәўбетлесиўдиң басындағы сыяқлы соншалық дыққатлы болыўына зейинли ме? Мүмкин, енди ол сиз әлле-қашан оған айтқаныңыздан көбирегин қабыл етиў жағдайда болмайтуғын шығар.

   Г. Оны басқа масихыйлар менен көбирек жақын ҳәм дослық қатнасқа тартыўға ҳәрекет етиў керек пе?

   Д. Ол Мухаддес Китапты үйрениўде бир танысқаны менен қызыға ма?

3. Қудайға толық исениң.

   А. Сиз тәсир көрсетиўди қәлеген биреўге Қудай ҳәр бир адамның өмиринде Өзиниң мийнетин ислейтуғынын түсиниң (Юхан 15:5, Коринф 2-х 3:5 ти қараң).

   Б. Жалынлы ҳәм үзликсиз дуўа етиң.

   1) Сәўбетлесиўден алдын - Ефес 6:19-20.
   2) Сәўбетлесиў даўамында - Неҳемия 2:4
   3) Сәўбетлесиўден кейин - Рим 10:1

4. Егер мүмкин болса, өзиңиздиң Хош Хабар ҳаққында сәўбетлесиў ушын қолайлы орын ҳәм ўақыт алың.

   А. Сизлер асықпағаныңыз жақсы болар еди.

   Б. Сәўбетлесиўди сизди бөлмейтуғын жерде өткериң.

   В. Оның көп ўақтын алып адамды қолайсыз жағдайға қалдырмаң.

Г. Сизлер ушырасатуғын орын ол ушын қолайсыздың дереги болмаўына ҳәрекет етиң, мысалы, оның дослары сизиң сәўбетлесиўиңизди тосаттан еситип қалмаўы ушын.

Д. Адамды исендириўге ҳәм бағдарлаўға ҳәрекет етиң. Оны шешим қабыллаўына мәжбүрлеўге ҳәрекет етпең. Адамның кейинги руўҳый раўажланыўында машқалалар болатуғындай «ўақтынан бурын туўылыўдың» кереги жоқ.

5. Оның реакциясына ҳәр түрли етип жуўап берсе болады.

| ОНЫҢ РЕАКЦИЯСЫ | СИЗДИҢ ҲӘРЕКЕТИҢИЗ |
|---|---|
| А. Қуўанышлы ҳәм жигерленген | Оны таслап кетпең, ҳәзир дуўа етиң. |
| Б. Кеўил қойып ойланыў. | Оны бул ҳаққында ойланыўын сораң ҳәм кейин және оның менен сөйлесиң. |
| В. Унамсыз, бирақ дыққатлы. | Оны мухаддес Китапты үйрениўдеги танысыўға шақырың. |
| Г. «Ҳәзир емес» | Оның «Масихты қабыл етиў» деген нени билдиретуғынын билетуғынына көзиңизди жеткизиң. |
| Д. Исенбеўшилик ямаса терис | Мүлайым ҳәм әдеплилик пенен сәўбетлесиўди жуўмақлаң. |

***Жетекши ушын жоба: «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша сораўлар.***

Биреўден бапқа кирисиўди оқыўын сораң.

**1-БӨЛИМ - ҚУДАЙДЫҢ КӨЗ-ҚАРАСЫНДАҒЫ ПӘКЛИК**

**1-4-сораўларға:** Сиз Қудайдың көз-қарасындағы пәклик ҳаққында не үйрендиңиз?

**1-сораўға:** Бир неше адам 1-сораўға жуўапларын оқып берсин.

**3-сораўға, Коринф 2-х 7:1:** Сиз ушын тазаланыў сөзи нени билдиреди? Ол нени нәзерде тутқан?

**Салоника 1-х 4:3-8:** «Мухаддес» сөзиниң мәнисине уқсас қандай сөзлер бар?

**Петрдиң 1-х 3:3-4:** «жумсақ ҳәм тыныш болған жоғалмайтуғын руўҳый гөззаллықтан» дешген адамның өмиринде қалай көринеди? Сондай адамды айтып бериң.

Биреўи бул сораўдан кейинги цитатаны оқысын.

## 2-БӨЛИМ-ЖЕКЕ ПӘКЛИКТИҢ ӘҲМИЙЕТЛИГИ

**5-8-сораўға:** Сиз жеке пәкликтиң әҳмийетлиги ҳаққында тазадан не билдиңиз?

**5-сораўға, 20-аят:** «Бийбаҳа төлем төлеп» сөзи нени билдиреди?

**6-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға өз жуўапларын берсин.

**7-сораўға:** Үш адамнан бир тийкар ҳәм бир анықлама оқып бериўин сораң.

**8-сораўға, Галат 6:7-8:** Не ексе, соны оратуғын адамға қандай мысаллар келтириўге болады?

**Матта 5:28:** Сизиң пикириңизше, жаман ой ҳәм гүнаның арасында қандай өз-ара байланыс бар?

## 3-БӨЛИМ-ПӘКЛИККЕ ЖОЛ

**9-13-сораўларға:** Сиз исенимге жол ҳаққындағы бөлимдеги мағлыўматтан не билдиңиз?

**10-сораўға:** Бир неше адам 10-д сораўына жуўапларын оқып берсин.

**11-сораўға:** Бир неше қатнасыўшы бул сораўға жуўап берип атырып өзине не ашалыс бергенин, сол үш негиз ҳаққында айтып берсин.

**13-сораўға:** Бир ямаса еки қатнасыўшыдан бул сораўдың биринши үш бөлимине жуўапларын қысқа баянлаўын сораң.

Бир неше адамнан 13-2 сораўға жуўабын оқыўын сораң.

## 7-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** 7-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты ислең ҳәм үйрениң (35 б). «Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша биринши аятты ядлаң, Рим 8:32.
2. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
3. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша 14-20 сораўларына жуўап бериң ҳәм бос қатарларын толтырың, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 3-бап (74:76).

# 7-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Рим 8:32.
2. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып, Қудай сизлерди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Өзиңиздиң Хош Хабар бойынша жазыўларды пайдаланғанның нәтийжеси ҳаққында қысқаша айтып бериң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Өмирдиң пәклиги» темасы бойынша 14-20 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 3-бап (74-76 бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
7. 8-сабақ ушын тапсырманы оқың (36-37 бет).
8. 8-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
9. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, жетинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ ЖӘРДЕМИ

Егер бизлер Ийемиз Ийса Масихқа бойсынсақ, Ол Өзине бизлердиң өмиримизге жуўапкершиликти алады. Бизлер неге мүтәж болсақ, ҳәммесин бериўге Ол ўәде береди.

**Рим 8:32**-Егер бизлерди жақсы көретуғын Әке бизлерге ең қымбатлысын берген болса-Өз Улын бизлер ушын өлимге берди, бизлерге керек нәрсени бериўге Ол қыйналыўы мүмкин бе? Яқ! Буны ҳәтте көз алдымызға келтириў қыйын. Ол бизлердиң алыўды қәлегенимизден де көбирек дәрежедеги зәрүрликлеримизди бериўди қәлейди.

***Ҳәптелик жоба***

1. Рим 8:32 ҳәм Филип 4:19 аятларын қалташаның ашық жерине орналастырың. Бул ҳәптеде сизге Рим 8:32 ни, ал кейингиде Филип 4:19 ды ядлаўға туўра келеди.
2. А сериясындағы аятлар ҳәм «Масих пенен бирге баслаў» бөлиминдеги аятларды қалташаға Б сериясының орнына орналастырың. Усы әў аятты күнде қайталаң.

3. Тема ҳәм аятлардың силтемесин ядта сақлап ҳәм аятларды толықлық пенен өзлестирип ядыңызды күшейтиўге ҳәрекет етиң.

***Жетекши ушын жоба: «Өмирдиң пәклиги»***
***темасы бойынша сораўлар.***

**4-БӨЛИМ-ЖЕКЕ ӨЗ-АРА ҚАТНАСЫҚ**

**14-15-сораўларға:** Сиз үйренилген мағлыўматтан жеке өз-ара қатнасық ҳаққында тазадан не билдиңиз?

**14-сораўға:** Бир неше сабақ қатнасыўшылары 14-сораўдың ҳәр бир төрт бөлегине жуўапларын оқып берсин.

Әкеге қандай қарым-қатнаста болыў керек? Анаға қандай қарым-қатнаста болыў керек? Әжағаға қандай қарым-қатнаста болыў керек? Әжапаға қандай қарым-қатнаста болыў керек?

**15-сораўға:** Сабақ қатнасыўшыларын қартайған ер адамлардың өмиринде көриниўи керек болған қәсийетлерди айтыўын сораң (1-қатар). Кейин тап сондай етип басқа үш қатарды да қарап шығың?

Бир неше адам 15-а ҳәм 15-б сораўларына жуўапларын оқып берсин.

Бир неше адам ер адам 15-в сораўға өз жуўапларын берсин. Кейин және бир ер адам 15-д сораўға жуўапларын оқып берсин. Бир неше ҳаял 15-в сораўына жуўап берсин. Кейин және бир неше ҳаял 15-д сораўына өз жуўапларын оқып берсин.

**5-БӨЛИМ-НЕКЕ**

**16-20-сораўға:** Сизге неке ҳаққындағы бөлимде не әҳмийетли болып көринеди?

**16-сораўға:** 16-в сораўдағы «таслап кетеди» сөзинде адам өз ата-анасын таслап кетиў керек деп түсиниўге бола ма?

**17-сораўға:** Бир неше адам 17-а сораўға жуўапларын оқып берсин. Ким болса да 17-б сораўына өз жуўабын берсин.

Топарда 17-в сораўына мүмкин болған жуўапларды талқылаң.

**19-сораўға:** Бир неше қатнасыўшылар мүмкин болған себеплерди айтсын.

**20-сораўға:** Бир неше ер адамнан 20-а ҳәм 20-б сораўларына жуўап бериўин сораң. Бир неше ҳаяллардан 20-в ҳәм 20-г сораўларына жуўапларын оқып бериўин сораң. Биреўден 20-сораўдан кейинги цитатаны оқыўын сораң.

**ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА**

Ҳәр бир қатнасыўшыларға қысқаша баянламаның бир бөлимин оқыўын сораң. Ҳәр бир бөлимге жуўаплардан кейин оған топардың басқа ағзаларын қызықтырыўға кейининен талқылаў ислемесеңиз болады.

**8-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

9. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** а. 8-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты үйрениң (38 б). «Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Филип 4:9.
   б. Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аяттың темалар ҳәм силтемелерин еске түсирип, тәжирийбе етиң. 39-40-бетлердеги өзин-өзи тексериў ушын тапсырмасы сизге жәрдем береди. 10-сабақта сизге силтемелер ҳәм темалар бойынша қайта тексериў жумысын жазыўға туўра келеди. Есиңизде болсын Мағлыўматларды үйрениў күнделигиндеги жазыўлардың ҳәммесиниң темаларын ҳәм силтемелерин толық билиўиңиз керек (Сиз еле билмейтуғын теманы алдыннан ядлаў керек болады. «Сынақлардағы Қудайдың жәрдеми», Еврей 2:18 ҳәм Забур 118:9-11).
10. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
11. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабындағы «Ҳадал жасаў» темасы бойынша 1-11 сораўларына жуўап бериң (78-81 б).

# 8-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

10. Топарларға бөлиниң ҳәм «Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Филип 4:19.
11. Мухаддес Китапты ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аятты темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў өткериң (39-40 бет).
12. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди пайдаланып, Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
13. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
14. Сиз Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделигин пайдаланыў қалай жәрдем бергенин қысқа етип айтып бериң.
15. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Ҳадал жасаў» темасы бойынша 1-11 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 4-бап (78-81 бет).
16. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
17. 9-сабақ ушын тапсырманы оқың (40-41 бет).
18. 9-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
19. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, сегизинши ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

5-ТЕМА. ҚУДАЙДЫҢ ЖӘРДЕМИ

Даўыт өзиниң бир жырында былай деп жазады: «Мен жас болдым ҳәм қартайдым, ---------» (Забур 36:25). Соның менен Даўыт, Қудай бәрқулла садық ҳәм Өзиниң халқына ҳәмме зәрүрликлерди береди деп айтады.

**Филип 4:19**-Павел буны өзине ғамхорлық еткен адамларға жазды. Егер бизлер өзимизди Қудайдың хызметине бағышласақ, Ийемиз Өзиниң шексиз ғәзийнесинен бизлердиң ҳәмме мүтәжлигимизди орынлайды. Оның булағы таўсылып қалмайды.

***Ҳәптелик жоба***

4. Әдеттегидей аятларды ядлаң ҳәм қайталаң. А сериясындағы аятлар ҳәм «Масих пенен бирге баслаў» бөлиминдеги аятларды күнде қайталаўды даўам етиң. Мүмкин олардың қайсы бирин қайтадан ядлаўға туўра келер.

5. Қалташада бар болған ҳәр бир аятты күнине бир рет қайталаўға өзиңизге мақсет қойың. Солай болса да, сиз көбирек ўақытты аятларға арнасаңыз, сиз қосымша күштен сонша көбирек пайда аласыз.
6. Аятларды қайталай отырып, олар сизиң өмириңизде Қудайдың ерки бойынша пайда болған жағдайлар менен қалай байланысқаны ҳаққында ойланың.

***Аятларды темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў.***

Бос қатарларға дурыс силтемелерди жазың.

## А. ЖАҢА ӨМИР МЕНЕН ЖАСАҢ

МАСИХҚА БОЙСЫНЫЎ

____________________ ____________________

ДУЎА ЕТИЎ

____________________

____________________

| ГУЎАЛЫҚ ЕТИЎ | МАСИХ ОРАЙДА | ҚАРЫМ-ҚАТНАС |
|---|---|---|
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |

СӨЗ

____________________

____________________

## Б. МАСИХ ҲАҚҚЫНДА ХОШ ХАБАР АЙТЫҢ

1. Ҳәмме гүна ислеген ____________________ ____________________
2. Гүна ушын жаза ____________________ ____________________
3. Масих бизлерге қун төледи ____________________ ____________________
4. Ислерсиз қутқарылыў ____________________ ____________________
5. Ҳәмме Масихты қабыл етиў керек ____________________ ____________________
6. Қутқарылғанына исенимли болыў ____________________ ____________________

## В. ҚУДАЙҒА ИСЕНИҢ

1. Қудайдың Руўҳы ______________________________
______________________________
2. Қудайдың күши ______________________________
______________________________
3. Қудайдың садықлығы ______________________________
______________________________
4. Қудайдың тынышлығы ______________________________
______________________________
5. Қудайдың жәрдеми ______________________________
______________________________
6. Сынақтағы Қудайдың жәрдеми ______________________________
______________________________

### *Жетекши ушын жоба: «Ҳадал жасаў» темасы бойынша сораўлар.*

Бир адам кирисиў бөлимин оқысын.

### 1-БӨЛИМ - ҲАДАЛЛЫҚ УШЫН ГҮРЕС

**1-4-сораўларға:** Ҳадаллық ушын гүрес ҳаққындағы үйренген материалда сизге не тәсир көрсетти?

**2-сораўға:** Бир ямаса еки адамнан 2-б ҳәм 2-в сораўларына жуўапларын оқып бериўин сораң. Сизиң пикириңизше, «шайтан (сумлықлы)» сөзи нени билдиреди?

**3-сораўға:** Егер басқа адамлар тәрепинен алдаў ҳаққында айтатуғын болсақ, масихыйдың надурыс жолға түскен

Егер бизлер шайтанның сөзине қулақ аспасақ, онда ол қалай бизлерге сөйлейди? (3-сораўдың соңғы бабынан).

**4-сораўға:** бизлер Забур 138:23-24-аяттағы дуўа етиўди қашан ҳәм қанша жийи дуўа етиўимиз керек?

### 2-БӨЛИМ-ҲҮЖДАНСЫЗЛЫҚТЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ

**5-11-сораўға:** Ҳүждансызлықтың пайда болыўы ҳаққындағы үйренген материалда сиз ушын не жаңалық болды?

**6-сораўға:** Бир неше адамнан 6-б сораўына жуўабын оқып бериўин сораң. Басқа бир неше адам 6-в сораўына жуўап берсин.

**8-сораўға:** Бир неше адам бул сораўдың еки бабына да жуўап берсин.

**9-сораўға:** Еки ямаса үш адамнан, егер олар буны қәлесе бул сораўға жуўап бериўин сораң.

**10-сораўға:** Олар Забур 15-ти оқып өзи ушын не ашылғаны менен ҳәр биреўи бөлисиўин сораң. Ҳәмме сораўлар тамамланбағанша топар бойынша сораўды даўам етиң.

**11-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға жуўапларын оқып берсин.

**9-САБАҚҚА ТАПСЫРМА**

12. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** а. 9-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты үйрениң (42-43 б). «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша биринши аятты ядлаң, Еврей 2:18.
    б. Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аяттың темалар ҳәм силтемелерин қайталаўды даўам етиң. 39-40-бетлердеги өзин-өзи тексериў ушын тапсырмасы сизге жәрдем береди. Өзин-өзи тексериўдеги сораўларға жуўап берип атырып, сиз темасы қандай болса, силтемеси де сондай екенин есиңизге түсириўиңиз керек. 10-сабақта сизге силтемелер ҳәм темалар бойынша қайта тексериў жумысын жазыўға туўра келеди. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине белги етиў ушын оны толық орынлаў керек.
13. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
14. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 4-бабындағы «Ҳадал жасаў» темасы бойынша 12-19 сораўларына жуўап бериң (81-83 б).

# 9-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

20. Топарларға бөлиниң ҳәм «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша биринши аятты қайталаң, Еврей 2:18.
21. Мухаддес Китапты ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аятты темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў өткериң (43-44 бет).
22. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди пайдаланып, Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
23. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
24. Хош Хабар бойынша жазыўларды пайдаланыў ҳаққында қысқаша айтып бериң.
25. Мухаддес Китапты өмиримизде қолланыў бойынша бес этаплы жобаны жазыўды талқылаў (44-45 б).
26. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Ҳадал жасаў» темасы бойынша 12-19 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 4-бап (81-83 бет).
27. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
28. Жуўмақлаўшы сабақты өткериў ушын кейинги ушырасыўдың ўақты ҳаққында жетекши менен алдын-ала келисип қойың (12-сабақ). 4 саат керек болады.
29. 10-сабақ ушын тапсырманы оқың (46 бет).
30. 10-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
31. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, тоғызыншы ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. СЫНАҚТАҒЫ ҚУДАЙДЫҢ ЖӘРДЕМИ

Бизлер Мухаддес Жазыўдан ҳәм Өзимиздиң тәжирийбемиз бойынша бизлердиң душпанымыз шайтан бизлерди гүнаға гириптар етиўди үзликсиз ҳәрекет ететуғынын билемиз. Азғырылыў бизлердиң ишимизде де пайда болады: «Бирақ ҳәр ким, өзиниң жаман қәлеўлерине берилип, алданып азғырылады» (Яқып 1:14). Азғырылыў қай жерден келип шықпасын, бизлерге жеңис Ийса Масихта екени ўәде етилген.

**Еврей 2:18**-Ийсаның Өзи де сыналды, соның ушын Ол бизлерди толық түсинетуғынын билип, оннан жәрдем алыўымызға қысынбай барсақ болады.

*Ҳәптелик жоба*

1. Әдеттегидей тәртипте аятларды ядта сақлаўды даўам етиң. Ҳәптениң соңында ядлағаныңызды дурыслығын тексериўди умытпаң.
2. Қалташадағы «Масих пенен бирге баслаў» бөлиминдеги аятларды ҳәм А сериясындағы аятларды шығарып алың ҳәм оған күнде қайталаў ушын Б сериясындағы аятларды жайластырың. А сериясы ҳәм «Масих пенен бирге баслаў» бөлимин аятлар ушын қутышаға жайластырса болады.

***Аятларды темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў.***

Керекли тема ҳәм силтемелерди бос қатарларға толтырың.

**А.** ______________________________

______________ ______________

______________

______________

__________ __________ __________

__________ __________ __________

______________

______________

**Б.** ______________________________

1. ______________ ______________

______________

2. ______________ ______________

______________

3. ______________ ______________

______________

4. ______________ ______________

______________

5. ______________ ______________

______________

6. ______________ ______________

______________

B. ____________________________________________________________

1. ________________________ ____________________________

____________________________

2. ________________________ ____________________________

____________________________

3. ________________________ ____________________________

____________________________

4. ________________________ ____________________________

____________________________

5. ________________________ ____________________________

____________________________

6. ________________________ ____________________________

____________________________

***Өмиримизде Мухаддес Китапты қолланыў***
***ушын бес этаплы жобаны қалай жазамыз***

Адамның өмиринде Мухаддес Китапты избе-из үйрениўдиң әҳмийетли мақсети көп муғдарда билим алыў болып табылмайды. Мақсети өз өмирин өзгертиўи ҳәм алған билимди тәжирийбеде қолланып, оны еле де толық етиўден ибарат. Төмендеги қарап шығылған жоба-бул Мухаддес Китапты үйрениўге тәжирийбелилик усыл, мысалы, Қудайдың жәрдеми менен бизлердиң өмиримизди үзликсиз өзгертиўи ушын бизлер оны пайдалансақ болады. Жақын ҳәпте ҳәм айлар аралығында бизлер бул өзгерислердиң ҳақыйқатлығына исенсек болады.

**1. Аят.**

Сизге көбирек тәсир еткен ҳәм сизиң өмириңизде қандайда ҳақыйқый адымның тийкары болатуғын силтемениң аяты ямаса үзиндисин жазың.

**2. Ҳақыйқат.**

Бул аят ямаса үзиндидеги табылған көринистиң ҳақыйқатын қысқаша түсиникли етип айтып бериң.

**3. Мүтәжлик.**

Бул ҳақыйқат сизиң өмириңизде не өзгериўи керек екенин жүдә анық қысқаша түсиникли етип айтып бериң. Мүмкин, бул бөлимди сизге топарда оқыўға туўра келетуғын шығар, соның ушын сизиң мүтәжлигиңиз неден ибарат екенин туўры айтың, бирақ өз пикириңизди қалай жақсы билдириўдиң үстинде ойланың. Өзиңиз ҳаққындағы сәўбетке дым батыўдың кереги жоқ, соның менен бирге өзиңиздиң қыйыншылық ҳәм әўметсизлигиңизге байланыслыны дым қалдырмай тексеристириўдиң кереги жоқ. Мейли усы майда-шүйделердиң гей биреўлери Қудай ҳәм сизиң араңызда қалсын.

**4. Мақсет.**

Бул тараўда сиз өмириңизди өзгертиў ушын не қолланатуғыныңызды анық қысқаша түсиникли етип айтып бериң. Жүдә қыйын жобаларды дүзбең. Бизиң өмиримизде Қудайдың ерки толық көриниўи ушын бул сизиң әпиўайы басқышыңыз болсын.

**5. Тексериў.**

Алдыңызға қойған әпиўайы мақсетлерге ерискениңизге қалай исенетуғыныңызды қысқаша түсиникли етип айтып бериң. Сиз қандай ҳәрекет ислейтуғыныңыз ҳаққында достыңызға, ҳаялыңызға (күйеўиңизге), ағайынлериңизге айтып бериўиңизге ҳәм олардан сизди тексериўин сорасаңыз болады. Өзиңиздиң мақсетиңиз ҳаққында бир рет қағазға жазып ҳәм оны көринетуғын жерге қыстырсаңыз болады: үйде, жумыста ҳ.т.б.  Қудай сизди Масихтың бийнеси менен сәйкес етиўге ҳәм Ол Өзи баслаған жумысты жуўмақлайтуғынына исенимлилик пенен бес этаплы жобаны таярлаўды баслаң. Қудай бул жобаны сизиң өмириңиз өзгериўи ушын қурал сыпатында пайдалансын-өйткени ол өз күши менен мақсетлерине ерисиўи нәзерде тутылмаған.

**Бес этаплы жобаға үлги**

| | |
|---|---|
| 1. Аят- | «Бир-бириңизди туўысқанлық сүйиспеншилик пенен шын жүректен сүйиңлер. Бир-бириңизге өз-ара ҳүрмет көрсетиўге тырысыңлар» (Рим 12:10). |
| 2. Ҳақыйқат- | Қудай мениң Масихтағы туўысқанларыма садық ҳәм сыйласықлы болыўымды қәлейди. |
| 3. Мүтәжлик- | Жийи мен басқа масихыйлар менен оларға қалай садық ҳәм сыйласықлы болыў ҳаққында ойламай, олар менен керек сыяқлы жақын қарым-қатнас қабыл етемен. Әсиресе мен Димаға көбирек сыйласықлы қатнасты үйрениўди қәлеймен. |
| 4. Мақсет- | Шемби күни мен Диманың үйине бараман ҳәм оған обойды жабыстырыўға жәрдем беремен. Сәўбетлесип отырғанда мен оған онда айрықша баҳалайтуғын еки қәсийети ҳаққында айтаман. |
| 5. Тексериў- | Мен буны ислеген ўақытта шемби күни кеште, бул жерге белги қояман. |

***Жетекши ушын жоба: «Ҳадал жасаў»***
***темасы бойынша сораўлар.***

**3-БӨЛИМ-ЖУМЫСТА»Ы ҲАДАЛЛЫҚ**

**12-13-сораўларға:** Бул үйренилген тема бойынша сизге көбирек не тәсир етти?

**12-сораўға:** Бир неше адам бул сораўдың бир неше бапларына жуўапларын оқып берсин.

**13-сораўға:** Сиз Саул ҳаққында билип нени өзиңизге алдыңыз? «Өзине ақланыў излеў» деген нени билдиретуғынын ким түсиндирип бере алады? Саул өзиниң ис-ҳәрекетлерин ақлаўына ҳәрекет еткени дурыс па?

## 4-БӨЛИМ-СӨЗДЕГИ ҲАДАЛЛЫҚ

**14-19-сораўға:** Сиз сөздеги ҳадаллық ҳаққында нени билдиңиз?
**14-сораўға:** Сизиң пикириңизше, бизлердиң ойымыздағы ҳәм жүрегимиздеги барының арасында қандай байланыс бар?
**15-сораўға:** Әдепли ҳәм сол ўақытта қалай өтириктен бас тартыўға болады? Сораўдан кейинги цитатаны ким болса да оқысын.
**16-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға жуўапларын оқысын.
**17-сораўға:** Еки ямаса үш қәлеўшиден бул сораўға жуўабын оқып бериўин сораң. Кимнен болса да 17-сораўдан кейинги гәпти оқыўын сораң.
**18-сораўға:** Бир неше адам бул үзиндини өз сөзи менен айтып берсин.
**19-сораўға:** Қәлеўшилер бул сораўға өз жуўаплары менен бөлиссин.

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Ҳәр бир қатнасыўшыдан қысқа баянламадағы бөлимлердиң биреўин айтып бериўин сораң.
Талқылаў ўақтында ким жетерли белсенди болмағаны менен сораўға ҳәрекет етиң. Нәўбеттеги қатнасыўшы қысқа баянламадағы бөлимниң биреўин айтып бергеннен кейин топардың басқа ағзаларын талқылаўға қатнастырыўды даўам етсеңиз болады.

## 10-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

15. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** а. 10-сабақтағы Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў ушын нәсиятты үйрениң (47-48 б). «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша екинши аятты ядлаң, Забур 118:9-11.
    б. Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аяты бойынша тексериў жумысын жазыўға таярланың. Мағлыўматларды үйрениў күнделигине белги қойылған болыўы ушын оны толық орынлаў керек екенлигин көрсетиў.
16. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
17. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 5-бабындағы «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы бойынша 1-9 сораўларына жуўап бериң (84-86 б).
18. ***Ҳәр түрли:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 1-4 бапларын қайталаң (57-83 б). бул бапларда үйренилген мағлыўматларда темаларға әпиўайы бес этаплы жоба жазың. Бул ушын 49-беттеги орынды пайдаланың ҳәм оны кейинги сабақта топар ағзаларына оқып бериўге таярланың.

# 10-Сабақ

## БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Топарларға бөлиниң ҳәм «Сынақтағы Қудайдың жәрдеми» темасы бойынша екинши аятты қайталаң, Забур 118:9-11.
2. Мухаддес Китапты ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиндеги биринши 36 аятты темалары ҳәм силтемелери бойынша өзин-өзи тексериў өткериң (48-49 бет).
3. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделигиңизди пайдаланып, Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
4. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
5. Сизге Өзин-өзи тексериў ҳәм сынап көриў күнделиги қандай жәрдем бергенин қысқа айтып бериң.
6. Сиз 49-бетте жазған өмириңизде Мухаддес Китапты қолланыў бойынша бес этаплы жобаны талқылаң.
7. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы бойынша 1-9 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 5-бап (84-86 бет).
8. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
9. 12-сабақты өткерилетуғын ўақтын анықлаң.
10. 11-сабақ ушын тапсырманы оқың (50-51 бет).
11. 11-сабаққа Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топар жетекшилерин тайынлаң.
12. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Мухаддес жазыўды ядта сақлаў ушын нәсият, оныншы ҳәпте***

***Үйренген аятларға ескертиўлер.***

6-ТЕМА. СЫНАҚТАҒЫ ҚУДАЙДЫҢ ЖӘРДЕМИ

Сиз 1-курста үйренген Коринф 1-х 10:13 аятты бизлерге сынақта Қудай жәрдем беретуғынын ўәде етеди.

**Забур 118:9-11**-Бизлер азғырылыўды жеңиўге ҳәм жүрегимизди Қудайдың сөзине толтырып жолымызды ҳадал тутыўымызға болады. Қудайдың сөзиниң өзи «Руўхтың қылышы». Ийса шөлистанда шайтанның азғыртыўына қарсы гүресиўи ушын бул қылыштан пайдаланды. Мухаддес Жазыўда ядта сақлаўды әҳмийетли етиўдиң бир себеби, Мухаддес Руўҳқа бул қылышты өмиримизде қолланыўына мүмкиншилик бериўден ибарат.

*Ҳәптелик жоба*

1. Әдеттеги тәртипке тийкарланып аятларды қайталаўды ҳәм ядта сақлаўды даўам етиң. Б ҳәм В сериясындағы аятларды күнде қайталыўды умытпаң.
2. Бул сабақта болатуғын тексериў жумысына таярланыў ушын Мухаддес Жазыўды ядта сақлаўдың тематикалық дүзилисиниң ҳәмме 36-аятының темалары ҳәм силтемелерин қайталың.
3. Оларды қайталағанда аятлардың үстинде ойланыўды даўам етиң. Мухаддес Китап ҳақыйқатлары сизиң өмириңиздиң бир бөлеги болыўы ушын күш жумсаң.
4. Қудай бул аятларды сизиң өмириңизде әлле-қашан пайдаланғаны ҳаққында ойлаң. Олардың қайсы бири сиз ушын көбирек мәниге ийе болады?

***Аятлардың тема ҳәм силтемелери бойынша тексериў жумысы.***

Бос қатарларды керекли силтеме ҳәм темалар менен толтырың. Ҳәр бир қатарды толтырыў шәрт, бул жағдайда Мағлыўматларды үйрениў күнделигине белги қойыў керек болады.

А. ______________________________

______________ ______________

______________

______________

__________ __________ __________

__________ __________ __________

______________

______________

Б. ______________________________

1. ______________ ______________

______________

2. ______________ ______________

______________

3. ______________ ______________

______________

4. ______________ ______________

______________

5. ______________ ______________

______________

6. ______________ ______________

______________

B. ____________________________________________________________

1. ________________________ ____________________________

   ____________________________

2. ________________________ ____________________________

   ____________________________

3. ________________________ ____________________________

   ____________________________

4. ________________________ ____________________________

   ____________________________

5. ________________________ ____________________________

   ____________________________

6. ________________________ ____________________________

   ____________________________

*Бес этаплы жобаны дүзиў бойынша шынығыў*

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
__________________________________

*Жетекши ушын жоба: «Сынақ ўақтындағы масихый»*
*темасы бойынша сораўлар.*

Биреўи кирисиў бабын оқысын.

**1-БӨЛИМ-ҲӘММЕ ҚУДАЙДЫҢ БИЙЛИГИНИҢ АСТЫНДА**

**1-4-сораўларға:** Үйренилген мақлыўматтан сиз тазадан не үйрендиңиз?

**1-сораўға, Ишая 45:5-7:** Бир неше адам бул сораўдың өз жуўапларын оқысын.
**2-сораўға:** Болып атырған иске байланыслы бизлердиң қыйыншылық ҳәм белгисизлигимиз қандай болыўы керек?
**3-сораўға:** Қудайдың жақсы көретуғынлар ҳаққында айтқанда Павел кимди нәзерде тутты?
**4-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға жуўапларын оқып берсин.

## 2-БӨЛИМ - АЗАП ШЕГИЎДИҢ МӘНИСИ

**5-9-сораўға:** Сиз қыйналыўдың мәниси ҳаққында тазадан не үйрендиңиз?
**5-сораўға:** Бир неше адам бул сораўларға жуўапларын оқып берсин.
**6-сораўға, Нызам қайталыў китабы 8:2:** Сиз қалай ойлайсыз, «көниў» деген нени билдиреди? «Жүрегинде не барын билиў» сөзиниң мәнисин түсиндирип бериң.
**Нызам қайталыў китабы 8:3:** Бир неше адам Мухаддес Жазыўдағы бул аятқа жуўап берсин. «Адам тек нан менен тири болмайды» деген нени билдиретуғынын өз сөзиңиз бенен айтып бериўге ҳәрекет етиң?
**7-сораўға, Юхан 15:2:** Сизиң пикириңизше, руўҳый тазаланыў деген неге керек ҳәм шақаларды тазалаўға уқсас?
**Еврей 12:6-7:** Сиз балаларыңызды қалай тәрбиялап атырғаныңыз ҳәм Аспандағы Әкемиз бизлерди қалай тәрбиялап атырғанының арасында қандай улыўмалық бар?
Сиз қалай ойлайсыз, Қудай тек бойсыныўшы масихыйды, тек бойсынбаўшы масихыйды ямаса сол ҳәм басқаларды тәрбиялай ма?
**Петрдиң 1-х 1:6-7:** Қудай қандай усылда бизлердиң қыйыншылығымыз арқалы алғыс ҳәм ҳүрмет алатуғынын түсиндирип бериўге ҳәрекет етиң.
**8-сораўға:** Бир неше адам бул сораўға жуўапларын оқып берсин.
**9-сораўға:** Сабақ қатнасыўшылардың бир нешеўи бул сораўдың еки бабына жуўап берсин.
Бизлер исенбеўшилер тәрепинен ҳүрмет ҳәм дослыққа ерисиўимиз керек факты менен буны қалай бириктире аламыз?

## 11-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

5. ***Мухаддес Жазыўды ядта сақлаў:*** Ендиги ҳәптеге таза аятлар жоқ. 2:7 сериясындағы үйренилген ҳәмме аятларды қайталың ҳәм Мағлыўматларды үйрениў күнделигинде көбирек белги қойылған болыўына ҳәрекет етиң.
6. ***Қудай менен жалғыз қалыў ўақты:*** Мухаддес Китапты оқыўды, белги қойып ҳәм жазыўды даўам етиң.
7. ***Мухаддес Китапты үйрениў:*** Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланбаның 5-бабындағы «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы бойынша 10-21 сораўларына жуўап бериң (86-89 б).
8. ***Ҳәр түрли:*** Сиз 49-беттеги 10-сабақта бес этаплы жоба жазғаныңызды орынлаң.

# 11-Сабақ

## БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ

1. Аятларды қайталаў ушын топарларға бөлинин, Мағлыўматларды үйрениў күнделигине көбирек белги алыўға ҳәрекет етиң.
2. Өзиңиздиң Мухаддес Китапты оқығанда жазатуғын күнделикти пайдаланып, Қудай сизди неге үйреткени менен бөлисиң.
3. Сиз исенбеўшилерге қалай гуўалық еткениңиз ямаса көпир сүўретлемесин қалай түсиндирип бергениңиз ҳаққында айтып бериң.
4. Сиз өмириңизде Мухаддес Китапты қолланыў бойынша бес этаплы жобаға тийисли не ислегениңизди айтып бериң.
5. Мухаддес Китапты үйрениў бойынша топарларда (қызлар ҳәм балалар бир бөлек) «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы бойынша 10-21 сораўларын талқылаң, Мухаддес Китапты үйрениў бойынша қолланба 5-бап (86-89 бет).
6. Ҳәр бир алып барыўшының жумысына қысқа баҳа бериң.
7. 12-сабақ ушын тапсырманы оқың (53-бет).
8. Сабақты дуўа етиў менен жуўмақлаң.

***Жетекши ушын жоба: «Сынақ ўақтындағы масихый» темасы бойынша сораўлар.***

## 3-БӨЛИМ-ҚЫЙЫНШЫЛЫҚЛАРҒА ҚАЛАЙ ЖУЎАП ҚАЙТАРЫЎ

**10-16-сораўларға:** Қыйыншылықларға қалай жуўап қайтарыўымыз керек ҳаққындағы үйренген материалдан сиз не үйрендиңиз?

**10-сораўға:** Бизлердиң заманымыз ҳәм мәдений орталығымыз бизлердиң аспандағы сыйлығымызға қандай усылда тәсир етеди?

**11-сораўға:** Өмир сынақларының нәтийжеси ҳәр қыйлы сөзлер менен баян етиледи: олардың биреўи-«турақлылық», басқасы «шыдамлылық». Сизиң пикириңизше бул сынақлар бизлердиң тийкарымыздың өзгериўине қалай тәсир етеди? Бул сораўдан кейинги цитатаны биреўи оқып берсин.

**12-сораўға:** Бир неше адам екинши бабына да жуўапларын берсин. Ким болса да бул сораўдан кейинги цитатаны оқып берсин.

**13-сораўға:** Бир ямаса еки қәлеўшилер 13-сораўдың ҳәмме бапларына жуўапларын оқып берсин.

**14-сораўға:** Бир неше адам бул сораўдың ҳәр қыйлы бабына жуўап берсин.

**15-сораўға:** Бир неше адам кестениң ҳәр бир бөлимине жуўапларын берсин.

**16-сораўға:** Бир ямаса еки адам кестениң ҳәмме үш бөлимине жуўап берсин.

## 4-БӨЛИМ - ҚЫЙЫНШЫЛЫҚТЫҢ НӘТИЙЖЕСИ

**17-21-сораўға:** Қыйыншылықтың нәтийжеси ҳаққында үйренген материалда сизге не тәсир етти?

**17-сораўға:** Жеке сиз ушын «үмит» сөзи нени билдиреди?
**19-сораўға, а-бөлими:** Қыйыншылыққа деген реакцияңыз бизлердиң басқа адамларды жубатыў уқыплылығымызға қандай тәсир етеди?
Бир ямаса еки қәлеўшиден 19-б ҳәм 19-в сораўларына жуўапларын оқып бериўин сораң.
**20-сораўға:** Бир неше адам 20-б сораўына жуўап берсин.
**21-сораўға:** ҳәр биреўи ҳәмме сораўлар тамамланбағанша өз дизиминен бир гәптен айтсын.

## ҚЫСҚАША БАЯНЛАМА

Ҳәр бир қатнасыўшыдан қысқа баянламадағы бөлимниң биреўине жуўап бериўин сораң.
Ҳәр жуўаптан кейин бул бойынша топардың басқа ағзалары не ойлайтуғынын сораң.

## 12-САБАҚҚА ТАПСЫРМА

1. Күндизги дуўа етиўди өткериў ҳаққында 2-курс мағлыўматын қарап шығың (54-60 б).
2. Сабақ Қудай менен күндиз өткериўге кеўилли, дем алып келиң. Өзиңиз бенен не алып келетуғын дизимди дыққат пенен тексериң (2-курс, 63 бет).

# 12-Сабақ

**БУЛ САБАҚТЫҢ СХЕМАСЫ**

1. Шөлкемлестириў жағдайларды анықлаў ушын жыйналың (10 минуттан кем емес).
2. Тарқалың ҳәм Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын өткериң (3 саат 20 минут).
3. Және жыйналың ҳәм сиз жалғыз қалғанда не ислегениңизди талқылаң, бул ҳаққында пикирлериңиз бенен бөлисиң (30 минут).

## «Оқыўшылықтың этапы», 4-китап
## МАСИХЫЙДЫҢ ТИЙКАРЫ

2:7 сериясының биринши үш курсын жуўмақлап, сиз Мухаддес Китапты өз бетиңизше үйрениў пайдасын әлле-қашан түсиндиңиз. Сиз Мухаддес Жазыўды изертлеў ҳәм ҳақыйқатты ашыў деген нени билдиретуғынын билесиз. Мүмкин сиз сөзди өз бетиңизше үйрениў бизлердиң көз-қарасымызға ҳәм ҳәрекетимизге үзликсиз тәсир көрсететуғынын билген шығарсыз.

Сиз Мухаддес Китапты өз ўақтында ҳәм избе-из үйрениў әҳмийетлилигин түсинген болсаңыз да, мүмкин алдыға илгерилеген сайын сизге тосқынлықлар менен соқлығысыўға туўра келеди. Ҳәр бир масихыйдың душпаны шайтан Қудайдың сөзиниң қудиретин жақсы биледи ҳәм сизге кесент бериўи ушын қәлеген усылларын қолланатуғын болады. Оның көрсетпеси бойынша мына түрдеги пикирлер пайда болады «Мен ҳәзир жүдә бәнтпен» ямаса «Мен ҳәзир ойланалмайман, дәслеп ананы ҳәм мынаны, ал кейин және Мухаддес Китап ислеймен». Сизге мақсет пенен Мухаддес Жазыўға дыққат бөлиўге болмайды, ол ҳәр иркинишлер, азғырылыўлар ҳәм ҳәтте басқалар тәрепинен критика етиледи.

Булардың ҳәммесиниң дереги шайтан екенлигин түсиниў жүдә пайдалы. Бул Мухаддес Китапты үйрениўде үлкен аброй келтиреди ҳәм сизиң жеңиске ерисиў батырлығыңызды күшейтиўи мүмкин. Қалай жеңиўге болады? Мине бир неше тәжирийбелик кеңес:

1. Әлле-қашан Масих шайтан үстинен ийе болған жеңисти ҳәм оның ҳәмме ислерин исеним менен алың. «Бирақ, Қудайға шүкирлер болсын! Ол бизлерди Ийемиз Ийса Масих арқалы жеңиске еристире берсин» (Коринф 1-х 15:57).
2. Қудайдың қудиретин ҳәм даналығын излең.
3. Өзиңизде тәртипке үйрениң. Ҳеш бир руўҳый шынығыўлар өз-өзинен алдыға ҳәрекет етпейди. Қудай менен жалғыз қалыў ўақтын ҳәр күн өткериў ушын күш сарплаў керек болған сыяқлы, солай Мухаддес Китап бойынша сабақ ушын ажыратылған ўақытты тырысып сақлаў ҳәм жобаластырыў керек. Анық мақсетлерди қойыў пайдалы: Мағлыўматтың анық көлемин күнде үйрениў (4-курста-бул ҳәптесине ярым бап) ҳәм оған инта менен умтылыў. «Орынланған мақсет-жаның ушын жағымлы»,-деген Сулайман (Нақ-мақ 13:29). Сиз буны қойылған мақсетлерге ерискеннен кейин сезесиз.
4. Сиз ерискен мақсетлериңизди қалай орынлап атырғаныңызда достыңыздан ҳәр ҳәпте тексериўин сораң. Мүмкин сиз оның менен не үйренгениңиз бенен бөлисесиз.

Қудай бизлердиң ишки тийкарымызды, соның менен бирге сыртқы минез-қулқымызды өзгертиўди қәлейди. Усы себепли масихыйдың тийкары ҳаққында айтатуғын Қудайдың сөзин үйрениў шәрт.

Бул курста бул сораўдың бес аспекти үйрениледи:

- Шақырық жемис алып келеди.
- Ҳақыйқый сүйиспеншилик ҳәрекети.
- Өмирдиң пәклиги.
- Ҳадал жасаў.
- Сынақ ўақтындағы масихый.

**1-Бап.**

## ШАҚЫРЫҚ ЖЕМИС АЛЫП КЕЛЕДИ

Көплеген адамлар өз өмириниң жемисин ислери менен өлшейди. Деген менен бул бәрқулла олардың өмирине дурыс көз-қарас бермейди.

Мухаддес Китап адамның жаратылысына ҳәм тийкарына сүйениш болады.

***Қудай сизлердиң жемис алып келиўиңизди қәлейди.***

1. Юхан 15:4-5 ти оқып шығың. Бул жерде Ийса руўҳый жемис бериў қандай екенин түсиндиреди.
   А. Бул уқсаслықта ким Пута ҳәм ким шақалар?

   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   Б. Шақа жемисли болыў ушын қандай шәртлерди орынлаў керек?

   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   в. Не ушын шақа Путаққа мүтәж болады?

   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   г. Сиз ушын «Масихта болыў» деген сөз нени билдиретуғынын түсиндирип бериң.

   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

2. Бизлердиң өмиримиз қандай усылда адамлардың дыққатын Қудайға жақынлата алады? (Матта 5:16)

   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

3. Руўҳтың жемиси ҳаққында айтылатуғын Галат 5:22-23 теги үзиндини оқың. Қудай сизиң өмириңизге бериўди қәлейтуғын қәсийетлерге қысқа баянлама бериң ҳәм санап шығың.

| РУЎҲТЫҢ ЖЕМИСИ | БУЛ ЖЕМИСТИҢ ҚЫСҚА БАЯНЛАМАСЫ |
|---|---|
| 1. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 2. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 3. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 4. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 5. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 6. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 7. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 8. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| 9. ______________________________ | ______________________________ |
| | ______________________________ |
| | ______________________________ |

4. Еремия 17:5-8 деги еки түрдеги адамларды салыстырың.

| АДАМЛАРҒА ИСЕНЕТУҒЫН | ҚУДАЙҒА ИСЕНЕТУҒЫН |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

5. Бул үзиндилерге негизленип сиз жемис алып келиў ҳаққындағы ойланыўдан келип шығып, сизге қандай тәжирийбелилик шешим ислеў керек болады?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

### *Руўҳый өсиў*

6. Қудай сизиң өмириңизди өзгертиўди даўам етеди. Ол оны қандай көргиси келеди? Петрдиң 1-х 1:15

_______________________________________________

*«Мухаддеслик-бул пәкликтен гөре уллырақ... Масихқа өзгериў... Оның тийкарына бөленген болыў-мине мухаддеслик».*

*Эндрю Мерри*

7. Мухаддес Жазыўда бизлердиң тийкарымыз көринетуғын өмиримиздиң бир неше әҳмийетли орталығын ашып береди. Ол қай жерде көринеди?

*Филип 4:8* _______________________________________________

*Колосалы 4:6* _______________________________________________

*Петрдиң 1-х 2:12* _______________________________________________

Бул орталықлар бир-бири менен қалай өз-ара байланысқан?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

8. 7-сроаўда атап өтилген қандай да бир өмир орталығы басқаларына қарағанда көбирек әҳмийетли болып табыла ма? Егер солай болса, тап қайсысы ҳәм не ушын? (Лука 6:45 ти Яқып 2:18 бенен салыстырың).

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

9. Руўҳый өсиў адамның пикирине қандай тәсир көрсетеди? Ефес 4:23-24

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

Мухаддес Жазыў бул руўҳый өсиўге қандай жәрдем береди?

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

10. Петрдиң 2-х 1:1-8 ди дыққат пенен үйрениң. Бул үзинди масихыйдың руўҳый өсиўи ҳаққында айтылады.

_______________________________________________

а. Сиз руўҳый өсиўиңиз ушын қудай сизди не менен тәмийинледи? 2-4-аятлар.

б. Жемис ҳаққында 8-аят не дейди?

в. 5-7-аятларда өтилгенлердиң қәсийетлерин санап шығың.

г. Беккемлеў ушын усы қәсийетлердиң қайсысынан сиз жумысты баслай аласыз?

д. Қудайдың жәрдеми менен сиз айтқан қәсийетлерде көбирек Масихқа уқсаў ушын сиз қандай адым қабыл етер едиңиз?

Пикириңизде: ______

Сөзиңизде: ______

Ис-ҳәрекетиңизде: ______

*Пикир ексең-ис-ҳәрекет орасаң;*
*Ис-ҳәрекет ексең-әдет орасаң;*
*Әдет ексең-минез-қулық орасаң;*
*Минез-қулық ексең-тәғдириңди орасаң.*

11. Қандай пикирлер Масихқа бойсыныў пикирлери болып табылады? Коринф 2-х 10:5

**Жоқарыдағы даналық**

12. Нақыл-мақал китабында берилгеннниң биреўи адамларға даналықты түсиниўине мүмкиншилик бериўден ибарат. (Нақ-мақ 1:2 ге қараң).

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

а. Төменде берилген аятлар даналық ҳаққында не дейди?

*Нақ-мақ 3:13-14* _____________________________________

________________________________________________

*Нақ-мақ 9:10* ______________________________________

________________________________________________

*Нақ-мақ 19:20* ______________________________________

________________________________________________

б. Сиз ендиги мәрте Нақыл-мақал китабын оқыған ўақтыңызда жақсы ҳәм дана өзине тән болған адамның қәсийетлериниң дизимин дүзиң.

13. Яқып 3:13-18 ди оқың.

А. Жоқарыдағы даналық неден көринеди? 13-аят.

________________________________________________

________________________________________________

б. Жоқарыдан түсетуғын даналықты, адамның жердеги даналығы менен салыстырың. 15:17-аятлар.

| ЖОҚАРЫДАҒЫ ДАНАЛЫҚ (*17-аят*) | ЖЕРДЕГИ ДАНАЛЫҚ (*15-16-аятлар*) |
|---|---|
| 1. __________ | 1. __________ |
| 2. __________ | 2. __________ |
| 3. __________ | 3. __________ |
| 4. __________ | 4. __________ |
| 5. __________ | 5. __________ |
| 6. __________ | |
| 7. __________ | |
| 8. __________ | |

14. Яқыпқа келисип қыйын жағдайларда шешим қабыллаў ушын даналықты қалай аламыз? Яқып 1:5-6

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

*«Даналық-бул топланған факт тийкары әпиўайы билим емес... бул әдеп-икрамлық ҳәм руўҳый сораўларды дурыс қолланыў».*

*Дж. Освальд Сандерс.*

15. Даналық баҳасы ҳәм байлық баҳасын салыстырың. Патшалық ҳаққында 3-китап 3:5-13

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

**Мухаддес өмирдеги қуўаныш**

16. Ийсаның тәлиминиң қайсы бөлинбейтуғын бөлеги бул аятларда көринген: Юхан 15:11; 16:24; 17:13?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

17. Ийса Өзиниң изине ерип, көпти қалдырғанларға не ўәде етти? Лука 18:29-30

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

*«Буннан маған қандай пайда?» ямаса «Мен нени таслаўыма туўра келеди?» сыяқлы үзликсиз пикирлер, исениўшилер ҳәм Қудайға қатнасығына шала түсиник ҳаққында гуўалық етеди. Қудай бизлердиң өмиримиз жақсы усылда өтиўин қәлейди. Соның ушын Ол буған қалай ерисиў кереклиги ҳаққында анық көрсетпе берди.*

18. Қандай усылда қуўанышта болыўға болады? Забур 15:1

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

19. Филип 3:4-14 ти оқың.

А. Павелдиң бир неше жаңа көз-қарасын ҳәм алдыңғысынан ажыралып туратуғын ҳәрекетлерин санап шығың.

| АЛДЫҢҒЫ КӨЗ-ҚАРАСЛАР ҲӘМ ҲӘРЕКЕТЛЕР (*4-7-аятлар*). | ЖАҢА КӨЗ-ҚАРАСЛАР ҲӘМ ҲӘРЕКЕТЛЕР (7-14-аятлар). |
|---|---|
| 1. Денеге үмит етиў. | ______________________<br>______________________ |
| 2. Диний муғаллим. | ______________________<br>______________________ |
| 3. Жәмийетти қуўдалаўшы. | ______________________<br>______________________ |
| 4. Нызам бойынша айыпсыз. | ______________________<br>______________________ |
| 5. Ҳәмме нәрседен өзи ушын өзгешелик изледи. | ______________________<br>______________________<br>______________________ |

Б. Не ушын Павелде келешекке бундай жақсы қатнасық болды?

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

20. Ийса жазыўдағы ўазында бизлерге мухаддес, бахытлы өмирди қурайтуғын негизги сегизин ашып береди. Матта 5:3-12 ни пайдаланып, усы қәсийетлерге ийе адамларға Ийса ўәде еткен жарылқаўды санап шығың.

| ЖАРЫЛҚАНҒАНЛАР | МАСИХТЫҢ ЎӘДЕСИ |
|---|---|
| 1. Руўҳый жарлылар (өзиниң мүтәжлигин руўҳында мойынлаў) 3-аят. | 1. ______________________ ______________________ |
| 2. Жылағанлар (ислеген гүналарына шын жүректен өкингенлер) 4-аят. | 2. ______________________ ______________________ |
| 3. Киши пейиллер (өз еркин Ийса Масихқа бағынатуғынлар) 5-аят. | 3. ______________________ ______________________ |
| 4. Ҳақыйқатқа шөллеўлер (мухаддесликти излеўшилер) 6-аят. | 4. ______________________ ______________________ |
| 5. Мийримлилер (қыйыншылыққа бөленгенлер) 7-аят. | 5. ______________________ ______________________ |
| 6. Пәк жүреклер (кеўил хошлы гүналарға ийе емес) 8-аят. | 6. ______________________ ______________________ |
| 7. Татыўластырыўшылар (басқаларды жарастырыўшылар) 9-аят. | 7. ______________________ ______________________ |
| 8. Қуўдаланғанлар (Масих ушын қуўдаланғанлар) 10-11-аятлар. | 8. ______________________ ______________________ |

## ҚЫСҚА БАЯНЛАМА

Төмендеги пикирлерге бир-еки гәп қосып бул бапқа жуўмақ шығарың:

***Қудай сизлердиң жемис алып келиўиңизди қәлейди.***

Қудай Оның бизлер менен қатнасығының нәтийжеси өмиримизде болыўын қәлейди.

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

***Руўҳый өсиў.***

Руўҳый өсиў өзине пикирлерди, сөзлерди ҳәм ҳәрекетлерди киргизеди.

***Жоқарыдағы даналық.***

Жоқарыдағы даналық-бул әпиўайы билим емес.

***Мухаддес өмирдеги қуўаныш.***

Қуўаныш-Масих өмиримиздиң ортасында болған ўақытта бөлинбейтуғын бөлеги болып табылады.

2-Бап.

## ҲАҚЫЙҚЫЙ СҮЙИСПЕНШИЛИКТИҢ ҲӘРЕКЕТИ

Ҳәзирги «мухаббат» сөзи ҳәр түрли көп мәниге ийе. Олардың көпшилиги мухаббатты бизлер кинода, телевизорда, рекламада, журналларда көремиз ҳәм жеке тәжирийбемиз арқалы да белгили. Мухаддес Жазыўда сүйиспеншилик ҳаққында туўры айтады. Мухаддес Китап бизлерге сүйиспеншилик деген не екенин ҳәм ол қандай усылда көринетуғынын түсиндиреди.

***Ҳақыйқый сүйиспеншилик деген не?***

1. Ҳақыйқый сүйиспеншиликти не көрсетеди? Коринф 1-х 13:4-8

| СҮЙИСПЕНШИЛИК | СҮЙИСПЕНШИЛИК ПЕНЕН ТУЎРА КЕЛМЕЙТУҒЫН |
|---|---|
| 1. ______ | 1. ______ |
| 2. ______ | 2. ______ |
| 3. ______ | 3. ______ |
| 4. ______ | 4. ______ |
| 5. ______ | 5. ______ |
| 6. ______ | 6. ______ |
| 7. ______ | 7. ______ |
| 8. ______ | 8. ______ |

2. Юханның 1-х 4:8-21 ди дыққат пенен оқың.

А. 8-аятта Қудайдың қандай әҳмийетли қәсийети ҳаққында айтылады?

______________________________

______________________________

______________________________

Б. «Қудай сүйиспеншилик» ҳәм «Сүйиспеншилик Қудай» пикириниң арасында қандай айырмашылық бар?

______________________________

______________________________

______________________________

в. Қудай бизлерге Өз сүйиспеншилигин қалай көрсетти? 9-10-аятлар.

______________________________

______________________________

______________________________

г. Бизлер Қудайдың сүйиспеншилигине қалай жуўап бериўимиз керек? 11-19-аят.

______________________________

______________________________

д. Сүйиспеншилик пенен қорқыныш бирге жасай ала ма? Аўа ямаса яқ. Не ушын? 18-аят.

3. Әлле-қашан үәренгениңизден келип шығып, сүйиспеншиликке анықлама бериң.

________________________________________

________________________________________

________________________________________

***Сүйиспеншиликтиң бағыты.***

4. Масихый кимди жақсы көриў керек?

*Нызам қайталаў 6:5* ________________________________________

________________________________________

*Салоника 1-х 3:12* ________________________________________

________________________________________

*Лука 6:27* ________________________________________

________________________________________

*Петрдиң 1-х 4:8* ________________________________________

________________________________________

5. Юхан 113:34-35 ти оқың.

А. Сиз Масихтың шәкирти екениңиз ҳаққында не аның гуўалық етеди?

________________________________________

________________________________________

________________________________________

Б. Не ушын Ийса сүйиспеншиликти көрсетиўге бундай әҳмийетлилик берди?

________________________________________

________________________________________

________________________________________

6. Юханның 1-х 3:16-18 ди оқың. Ҳақыйқый сүйиспеншилик қалай көриниў керек екенлигин өз сөзиңиз бенен билдириң.

________________________________________

________________________________________

________________________________________

*Бизлердиң күнделикли ис-ҳәрекетимизде сүйиспеншилик ҳәр түрли болып көринеди. Көплеген адамлар тек келисим жасаўға үйренген: «Егер сен мыналарды ислесең, мен де өз гезегимде солай ислеймен». Бундай қарым-қатнас сүйиспеншилик емес. Қудай бизлердиң: «Мен ҳәтте егер орнына ҳеш нәрсе алмасам да сени жақсы көремен» деп айтқанымызды қәлейди. Қудай бизлердиң қатнасығымызға ҳәм ис-ҳәрекетимизге ҳақыйқый, ҳақ нийетли сүйиспеншиликти өсириўди қәлейди.*

***Бойсыныўдағы сүйиспеншилик***

7. Адам өзин ҳәм Қудайды исенимли жолда көрген ўақытта бойсыныў келип шығады. Сиз Қудайды ҳәм өзиңизди қалай қабыл ететуғыныңыз ҳаққында төменде келтирилген аятлар не дейди?
   *Еремия 9:23-24* ______________________________________________
   ______________________________________________
   *Коринф 2-х 10:18* ______________________________________________
   ______________________________________________
   *Филип 2:3* ______________________________________________
   ______________________________________________

8. Петрдиң 1-х 5:5-6 ны оқың. Қудай бойсыныўшы адам ҳаққында не ойлайтуғынының үстинде ойланың. Не ушын Қудай адамның өмиринде бойсыныўға үлкен әҳмийет береди?
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

9. Рим 12:3 тиң үстинде ойланың.
   А. Бизлер қандай қәтелерден қашыўымыз керек?
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   Б. Сизиң пикириңизше, өзи ҳаққында дым жоқары пикирде болыўдың нәтийжеси қандай болады?
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   в. Сизиң пикириңизше, өзин төмен баҳалаўдың нәтийжеси қандай болады?
   ______________________________________________
   ______________________________________________
   ______________________________________________

   *Бул мысалдағы баян етилген екеўиниң жағдайының тийкары менменликтиң пайда болыўында, деген менен адам еки жағдайда да өзи ҳаққындағы пикирлер менен жүдә бәнт.*

***Менменлик***

| *Өзин-өзи жоқары баҳалаў* | *Өзин-өзи төмен баҳалаў* |
| --- | --- |
| «Менсиз Қудайдың иси кирисиледи (тоқтап қалады)». | «Қудай мени ҳеш пайдалана алмайды». |

10. Кейинги аятлар қандай алдын алыўға ийе болады?
*Коринф 2-х 10:12* ______________________________

______________________________

*Яқып 3:16* ______________________________

______________________________

11. Забур 8:13 ти оқың.
А. Қудай менменликке қалай қарайды?

______________________________

______________________________

______________________________

Б. Сизиң өмириңизде менменлик тийкарында қалай көринеди?

______________________________

______________________________

______________________________

в. Сизиң пикириңизше, Қудай сизден өмириңиздеги усындай орталықтың биреўинен қандай анық ҳәрекетти қәлейди?

______________________________

______________________________

______________________________

12. Сүйиспеншилик ҳәм бойсыныўдың арасында қандай өз-ара байланыс бар?

______________________________

______________________________

______________________________

### *Сөзди сүйиспеншиликке толтырыў*

13. Қудай сизлерге жақсы, толық сүйиспеншиликли сөзди бере алады. Жақсы сөз не ислей алады?
*Нақ-мақ 12:25* ______________________________

______________________________

*Нақ мақ 16:24* ______________________________

______________________________

*Нақ-мақ 22:11* ______________________________

______________________________

14. Бул аятлар бизлерге қандай гүналар ҳаққында ескертеди?
*Нақ-мақ 10:19* ______________________________

______________________________

*Нақ мақ 17:9* ______________________________

______________________________

*Нақ-мақ 27:2* ______________________________

15. Салоника 1-х 2:1-12 ни оқың. Павел Салоникалыларды жүдә жақсы көретуғын еди (8-аят) ҳәм бул оның сөзлеринде көринеди. Павел салоникалылар менен қалай сөйлести?

*3-аят*__________________________________________________________

______________________________________________________________

*4-аят*__________________________________________________________

______________________________________________________________

*5-аят*__________________________________________________________

______________________________________________________________

*11-аят*________________________________________________________

______________________________________________________________

*«Пүткил дүньяны мен қыйыншылықсыз*
*жақсы көрер едим, қарама-қарсымдағы*
*қоңсымды-қыйынырақ».*

### *Жақсы ислердеги сүйиспеншилиек*

Мухаббат-бул тек ишки сезим емес, соның менен бирге бул сизиң еркиңиздиң ҳәрекети. Сүйиспеншилик тек ислерде билинеди.

16. Қутқарылыў ҳәм жақсы ислер арасында қандай байланыс бар? Ефес 2:8-10.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

17. Сизиң ис-ҳәрекетлериңиздиң әҳмийетли тийкары не болыўы керек? Коринф 1-х 10:31.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

18. Юханның 1-х 3:17 ниң үстинде ойланың. Мүтәж болған масихыйға бериў ушын өзиңиздиң кийимиңизди шешип берер ме едиңиз? Сиз басқаға жәрдем бере алсаңыз да, бирақ буны ислемеген жағдай ойыңызға келе ме? Сизге ендиги мәрте усындай мүмкиншилик келип қалса, сиз не ислеген болар едиңиз?

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

19. Жақсы ислерди ислеп атырып нени есиңизде сақлаўыңыз керек?
*Галат 6:9-10* ______________________________________________

______________________________________________________

*Тит 3:8* ___________________________________________________

______________________________________________________

*«Сүйиспеншилик сабырлы ҳәм мийримли. Сүйиспеншилик мақтанбайды, менменлик қылмайды. Сүйиспеншилик қопаллық ислемейди, өз пайдасын гөзлемейди, ашыўланбайды, кек сақламайды. Сүйиспеншилик наҳақлыққа қуўанбайды, ал ҳақыйқатлыққа қуўанады. Сүйиспеншилик ҳәмме нәрсени көтереди, ҳәмме ўақытта исенеди, ҳәмме ўақытта үмит етеди, ҳәммесине шыдайды. Сүйиспеншилик ҳеш қашан таўсылып қалмайды. Бирақ, пайғамбаршылықлар жоқ болады, басқа тиллерде сөйлеў сыйы тоқтат қалады, билим де жоқ болады». Коринф 1-х 13:4-8*

## ҚЫСҚА БАЯНЛАМА

Кейинги пикирлерге бир-еки гәп қосып бул бапқа жуўмақ ислең.

***Ҳақыйқый сүйиспеншилик деген не?***

Мухаддес Жазыўда Қудайдың сүйиспеншилигин көрсетеди ҳәм ашып береди.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

___________________________________________________

***Сүйиспеншиликтиң бағыты.***

Мухаддес жазыўда сүйиспеншилик масихыйларда айрықша белги болыў керек екенин айтады.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

___________________________________________________

***Сүйиспеншиликтеги бойсыныў.***

Сүйиспеншиликтиң басы-бойсыныў.

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

___________________________________________________

***Сөзди сүйиспеншиликке толтырыў.***

Сүйиспеншилик бизлердиң сөзлеримизден билинеди.

***Жақсы servlerге сүйиспеншилик.***

Сүйиспеншиликке бағдарланған ҳәрекет исенимимиздиң ҳақыйқый екенин көрсетеди.

**3-Бап.**

## ӨМИРДИҢ ПӘКЛИГИ

Биреў : «Жаңа әдеп-икрамлылық-жаңа кийимде безенип ески әдепсизлик сыяқлы емес» деп айтқан. Көпшилик адамлар өзлерин ҳәр түрли руўҳый жуўапкершиликтен азат болыўға ҳәрекет етиўине қарамай, масихыйлар бәрҳама Қудайдың сөзи бойынша жасаўы керек.

***Қудайдың көз-қарасындағы пәклик.***

1. Сөзлик жәрдеми менен «пәклик» сөзине анықлық бериң.

 ______________________________________________

 ______________________________________________

 ______________________________________________

2. Пәк жүрекли адамларға Қудай не ўәде етеди? Забур 23:3-5

